ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№4-5 (22.913) • 2015 гъэм щІышылэм (январым) и 16, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр тумэнитІщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысей Федерацэм и Цыхухэр 2015 гъэм пэублэу дзэ учетым гъэувыныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщыдзэгъэпэщныкІэ лэжьыпхьэхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Дзэм къулыкъу щыщІэныжьмкІэ къаІэныжьрэ дзэ къулыкъумрэ я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым ипкъ иткІэ **унафэ сощІ**:

1. Къэщтэн мы Указым щыІгъуэхэу:

Урысей Федерацэм и Цыхухэр дзэ учетым гъэувыныжьмкІэ муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я комиссэхэм хэтхэр;

Урысей Федерацэм и Цыхухэу 2015 гъэм пэублэу дзэ учетым ягъэувын хуейхэм я узынШагъэр къыщапщытэну икІи абыхэм щІеІэзэну медицинэ Іуэхущ1апІэхэм я списокэр.

2. Урысей Федерацэм и Цыхухэр дзэ учетым гъэувыныжьмкІэ муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я комиссэхэм я пщэ ильхьэн 1998 гъэм къальхуа, апхуэдэу зи ныбжькІэ нэхъыжь Цыхухэу дзэ учетым щымытхэр, ауэ щытыну зи къалэнхэр пэублэу дзэ учетым гъэувынир 2015 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ гъатхэпэм и 31-м нэсыху ирагъэжьІуэкІыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министерствэм хуэгъэувын Урысей Федерацэм и Цыхухэу пэублэу дзэ учетым ягъэувын хуейхэм я узынШагъэр къэзыпщытэну медицинэ Іуэхущ1апІэхэр къыщрэзэщІагъэуІуэну щыкІэмрэ зэманхэмрэ иубзыхуну.

4. Чэнджэщ етын:

муниципальнэ щІыналъэхэм щІыпІэ унафэр зезыГъаІуэ я органхэм, организацэхэм - 1998 гъэм къальхуа, апхуэдэу зи ныбжькІэ нэхъыжь Цыхухэу дзэ учетым щымытхэр, ауэ щытыну зи къалэнхэр пэублэу дзэ учетым увын папщІэ и зэманым къекІуэлІэныр къызэрагъэпэщыну;

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІым - Урысей Федерацэм и Цыхухэу пэублэу дзэ учетым увыным зыщыщыдзейхэр къэлъхьыхъэныжьмкІэ езым и компетенцэм къызэриубыдэкІэ хэлажьыхьыну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ Цыхубз коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым хуэгъэувын пэублэу дзэ учетым зэрагъэувын пыщІа Іуэхухэр республикэм и Цыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къыщыдгъэльэгъуэныр къызэригъэпэщыну.

6. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м
№263-УГ

Бахъсэн къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхыным теухуа конкурсыр езыгъэкІуэкІыну комиссэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. Бахъсэн къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхыным теухуа конкурсыр езыгъэкІуэкІыну комиссэм хэтхэр мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Азыхэ А. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(эзгурыІуэу)*

Алэкъей А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр

Мэлбахъуэ Б. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмкіэ, къэрал ухуэкІэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжьмкІэ и комитетым и унафэщ1ым и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Сарбашевэ С. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжьмкІэ и управленэм и унафэщ1ыр.

2. Мы унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м
№144-РГ

№№4-5 (22.913) • 2015 гъэм щІышылэм (январым) и 16, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр тумэнитІщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Сату зэпеуэхэр хабзэм къеззэгъыу щемыкІуэкІ щыІэщ

Илъэсыщ1эм и пэ къихуэу КЪБР-м и Парламентым и Президиумым иригъэкІуэкІа зэІуущ1эм хэтахэр зи чэзу Іуэхугъуэхэм хэплъэн щ1амыдэз щ1ыкІэ ягу къагъэкІыжащ «Урысей зэкъуэт» партым и фракцыу республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и органым щыІэм и унафэщІу щыта Жэрыкъуэ Борис щІэпхьаджащІэхэм зэраукІрэ илъэситІ зэрырикъуар.

ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ къыхухаха зэманым хиубыдэу адэкІэ депутатхэр едэІуащ УФ-м и Антимонопольнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ Пщышэ Къазбэч республикэм и антимонопольнэ законодательствэр гъэзэщІа зэрыхъум теухуауэ ищІа докладым.

2014 гъэм и япэ мазибгъум кІрыубыдэу цІыху щхьэхуэхэмрэ Іуэхущ1апІэхэмрэ къабгъэдэкІыу управленэм къыІэрыхьащ «Лэжьыгъэкіэ зэрызэпеуэм къыщхьэщыжыным и Іуэхукіэ» 2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м къащта Федеральнэ закон №135-ФЗ-м и 10-иа статьяр зэрамыгъэзащІэм теуха тхьэусыхафэу 85-рэ. Абыхэм къыщагъэльэгъуащ цІыхухэмрэ Іуэхущ1апІэхэмрэ къыхуаутІыпщ газыр, электрокъарур щыІэ хабзэхэм къемызэгъыу зэрагъэмащІэр, къагъэсэбэпа газым и уасэр нэхъыбэу зэрагъэувыр, нэгъуэщІхэри. Абыхэм япкъ иткІэ управленэм Іуэху зэмылІэужьыгъуэу 21-рэ зэхэтхэкІащ. Антимонопольнэ законодательствэр къызэрызэпаудам къыхэкІыу административнэ жэуапым ирашэлІащ хозяйствэ зезыхьэ субъекту 16. Псори зэхэту абыхэм сом мелуани 3-рэ мин 220-рэ тезыру тралъхьащ.

Депутатхэм зэрыжаІамкІэ, мы Іуэхум иритхъэусыхэхэр мащІэкъым. Апхуэдэ тхыгъэхэр республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэмэ къыІэрохьэ.

Пщышэ Къазбэч зэрыжиІамкІэ, управленэм и лэжьакІуэхэм, апхуэдэу зыхуэфащэ адрей органхэм зэпымыууэ я нэІэ зытрагъэтыпхъэ нэгъуэщІ зы Іуэхуи щыІэщ. Ар сату зэпеуэхэр щрагъэкІуэкІкІэ хьэрычэтыщІэхэм я хуитныгъэхэр кІыщыізэпаудэ къызэрыхъурц. Апхуэдэ ныкъусаныгъэхэм я нэхъыбэр кІыщыхъур щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм мэхъумэщ щІапІэу щыт щІыхэр щащэкІэщ е бэджэнду щытым дежщ.

«Рекламэм и Іуэхукіэ» 2006 гъэм гъатхэпэм и 13-м къащта Федеральнэ закон №38-ФЗ-м къигъэувкэр къызэрызэпаудым теухуауэ управленэм мыхъумыщІагъэу 43-рэ кІыщІигъащащ. Абыхэм я нэхъыбапІэр зыпыщІар финанс Іуэхухъхьбзэхэмрэ медицинэ Іуэхухъхьбзэхэмрэ я рекламэхэм я къызэрызэпаудым теухуауэ.

Апхуэдэу цІыху щхьэхуэхэм, Іуэхущ1апІэхэм къатхахэм, хабзэхъумэ органхэм я материалхэм япкъ иткІэ Іуэху зэмылІэужьыгъуэу 66-м хэплъащ Федеральнэ законым и нэгъуэщІ статья зыбжанэ къызэрызэпаудым теухуауэ.

Докладым едэІуа икІи абы тепсэлъыхьа нэужь Президиумым хэтхэм къащта унафэм къыщыгъэльэгъащ антимонопольнэ къулыкъущІапІэр хьэрычэт ІэнатІэ мыинхэмрэ курытхэмрэ чэнджэщкІэ ядэІэпыкъупхъэу, ар псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и ІэнатІэм хиубыдэ субъектхэм я лэжьакІэм нэхъ ткІийуэ кІэльыплъын хуейуэ къызэральытэр. Апхуэдэу гулъытэ хэха зыхуэщІыпхъэхэм ящыщу республикэр газымрэ энергетикмкІэ къызэрызэпаудым къыхэкІыу лэжьакІэр.

Адэкіэ депутатхэр тепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм я Іуэхукіэ» республикэ законым и проектым. Ар ягъэхьэзыращ «Урысей Федерацэм стратегие планхэр зэрыщызэхалъхьэм и Іуэхукіэ» Федеральнэ законым №172-ФЗ-р 2014 гъэм мэкъуэгъуэм и 28-м къызэрыщІэкІа Іуэхуитіу. А законым къызэрыщІэлъэгъуамкІэ, стратегие планхэм хиубыдэркъым Урысей Федерацэм и субъектхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэм и программэр. Абы къыхэкІыу республикэ законым и проектым кьегъэув КъБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэмкІэ программэм и стратегие планымрэ ар зэрызэхалъхьэ щІыкІэмрэ ятеухуауэ республикэм и Конституцэм хэтхэр хагъэкІыжыну.

Законопроектым апхуэдэу къыщигъэльэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыщытэкъэзыбж палатэм и унафэщІым и къуэдзэм и къулыкъур гъэувыным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и лэжьакІэм зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуа Іуэхухэр.

Депутатхэр зэІуущІэм щыхэпльащ УФ-м и адрей субъектхэм я парламентархэм законхэр къыдэгъэкІыным теухуауэ къыхалъхьа жэрдэм зыбжанэм. Президиумым апхуэдэу къыщащтащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ЗэрызыхуиГъэзам къыщыгъэувэ Іуэху нэхъыщхьэхэр гъэзэщІэным хуэунэтІауэ 2015 гъэм и гъатхэ сессием кьрибубдэу КЪР-м и Парламентым зэфІигъэкІынухэм я планыр. Парламентым и комитетхэм къалэн щащІащ а планыр гъэзэщІа зэрыхъум теухуа информацэр квартал къэс КЪР-м и Парламентым и Унафэщ1ым иратыну.

Депутатхэм къащта унафэм ипкъ иткІэ законым тетыныр зэхэзыхъумэныжьмкІэ, цІыхухэм я щхьэхуитныгъэхэм къыщыхьэщыжьныжьмкІэ куэд зэрызэфІагъэкІам къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и лэжьакІуэхэу Жамырзэ Артур Владимир и къуэм - коррупцэм пэщІэтынымкІэ законодательствэр зэрагъэзащІэм кІэльыплъынымкІэ къудамэм и унафэщ1ым, ЗекІуэрей Заур Хьэсэн и къуэм - цІыхухэм зыкъызэрыхуагъазэхэм хэпльэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым и дэІепыкъуэгъу нэхъыжьым, Климовэ Светланэ Виктор и пхъум - планхэр зэхэльхьэныжьмкІэ, лэжьыгъэмкІэ, финансхэмкІэ, бухгалтер учетымрэ отчетхэмкІэ къудамэм и унафэщІым, Хьэжы ФатІимэт Даут и пхъум - правовой статистикмкІэ къудамэм и унафэщІым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ЩІыхь тхьылъыр иратащ.

Президиумым и зэІуущІэм нэгъуэщІ Іуэху зыбжанэми щыхэпльащ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-ІуэхущІапІэ.

● КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм

«Дэ а зауэшхуэм дыхэмытами...»

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм диІыгащ «Дэ а зауэшхуэм дыхэмытами...» жыхуиІэ Урысейпсо Іуэхуу УФ-м и Жылагъуэ палатэм къыхилъхьар. Ар Текіуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум хуагъэпс икІи Хэку зауэшхуэм теуха гукъэкІыжхэм иджырей щІэблэр щыгъуазэ щІыным, щІалэгъуалэр хэкур фІыуэ ялъагъуу къэгъэтэджыным хуэгъэпсащ. Мы Іуэхум хиубыдэу къэралым и дэтхэнэ щІыналъэми сурэтхэр УФ-м и Жылагъуэ палатэм игъэхьынущ. А сурэтхэр хагъэхьэнущ къэрал псом щагъэльэгъуэну слайдым.

Лэжьыгъэм хэтыну гукъыдэж зиІэ псори къыдоГъэблагъэ. Абыхэм район, къалэ, республикэ газетхэм я архивхэр, унагъуэхэм щахъумэ сурэтхэр къагъэсэбэп хьунущ. Сурэтхэмрэ абыхэм ятеуха тхыгъэхэмрэ 2015 гъэм мазаем и 15-м нэсыху къевгъэхь tania8kbr@gmail.com электрон пощтымкІэ.

Сурэтхэр зыхуэдэгъу щытыпхъэм, абыхэм ящІыгъун хуей тхыгъэхэм ятеухуауэ фыщІэупщІэ хъунущ **77-47-32** телефонымкІэ.

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Тхылъыщ1э

Усэ къыхэхахэр

Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Горький Максим и цІэр зезыхъэ Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз усакІуэ, адыгэ литературэм и классик КІыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэсищ щрикъум ирихьэлІэу «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ и усэ къыхэхахэр щызэхуэхьэса тхылъ.

ТХЫЛЪЫР къыдэкІыгъуэм хуигъэхьэзыращ икІи зэхигъэуващ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфыцІэ Мухьэмэд.

Напэкіуці 340-м щигъу тхылъым ихуащ зэдзэкІакІуэ Іэзэхэу Козловский Яков, Гребнев Наум, Цыбин Владимир, Потаповэ Вероникэ, Петровых Марие, Звягинцевэ Верэ, Столяр Николай, Карабан Павел, Липкин Семен сымэ урысыбзэкІэ зэрадзэкІа усэхэр, сатыригІэ хьу усэхэр. Аэр Іыхьэ-Іыхьэу гуэшыжащ, тематикэ и лъэныкъуэкІэ зэхэдзауэ. Апхуэдэщ, «На мчащемся коне», «Языческий обычай», «Горской песни два крыла», «Шелковая пора», «Предел бессмертия», «Чаша мудрости», «Речет молва», «Тавро» Іыхьэхэр. КъыдэкІыгъуэр суэт екІуэкмкІэ игъэдхащ суэтыщІ-редактор Алиев Юрий.

КІыщокъуэ Алим и цІэр къыгуэхьІэ имыІэу епхащ адыгэ усыгъэмрэ прозэмрэ я зыужьныныгъэм. ТхакІэм хэлъхьэныгъэфІ хуищІащ адыгэ литературэр, публицистикэр, литературно-художественнэ критикэр зэфІэуэзэным. Абы и Іэдакъэм къыщІэкІащ усэ тхылъ зыбжанэ, пьесэхэр, киносценарийхэр, романхэр, автобиографическэ повестхэр, рассказхэр, новеллэхэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

ПащІэ Бэчмырзэ Машэ и къуэр илъэси 160-рэ ирокъу

ПащІэ Машэ и къуэ Бэчмырзэ Налшык къуажэм, иужькІэ Налшык-Къылышбийхьэблэ, игъанэ Нартан зыфІащІажам, 1854 гъэм къыщалъхуащ. УсакІуэр зыщІалъхуа гъэр документхэм, дэфтэр тхылъхэм, гукъэкІыжхэм, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм хуабжьу щызэщхьэщыщІдзащ: Налшык-Къылышбийхьэблэ жылэм щыпсэухэм я уней списокэм итыр 1869 гъэрщ; академик Джанашиа Симон къигъэлъагъуэр 1857 илъэсырщ; ПащІэм и биограф Максимов Павел ардыдэрщ жиІэр; Бондарин Сергей зэритхамкІэ - 1861 гъэрщ; ЩоджэнцІыкІу Алий къызэрыфІэщІымкІэ - 1852 гъэрщ; Теунэ Хьэчим 1857, 1854 гъэхэм хуехь; Нало Заур фІэзахуэр, фІэтэмэмыр 1857 гъэрщ; усакІуэм и пхъурылъху, композитор ХьэІупэ ДжабрэІиа и адэшхуэр 1854 гъэм къальхуауэ жеІэ; Бейтыгъуэн Сэфарбий ХьэІупэ ДжабрэІиа и акъылэгъуэщ.

ЩЫБИЙ Инал,
профессор.

Хахуагъэм къыпокІуэ

● Щапхъэ



Лейтенант нэхъыжь Къыз Каринэ.

Къэралкіуэці къулыкъум и лейтенант нэхъыжь Къыз Каринэ къэрал дамыгъэ къыхуагъэфэщну иджыблагъэ къагъэлъэгъуащ.

- НАЛШЫК къалэ сыкъыщалъхуащ, 2-нэ лицейр къэзуха ныжь, Москва сыІэпхъуащ Урысей къэрал университетым туризмэмрэ сервисмкІэ и къудамэм психологыу сыщеджэну си мураду.

ЦІыху сызыщІар си мылъхуадэрауэ къызэлъытэ. Ар езыр полковникщ. Сигъэсащ пэжымрэ захуагъэмрэ срателъхьэу, си Іуэху елтыныкІэ сиІэжу, мурад згъэувРэ абы сылъэІэсыфу. Милицэм зэхъуэкІныгъэхэр щыщІекІуэкІым, сегупсысащ психологиемкІэ зэзгъэгъуэта щІэныгъэр абы къыщысэбэпыну. Аращ зэрыхъуари. Пэжщ, дэфтэр зыгъэхьэзыр лэжьакІуэ къызэрыгуэкІыу къыщІэздзащ. Иджыпсту сылейтенант нэхъыжьщ, илъэсихрэ мазийрэ хъуауэ я Іэнатіэм сыпэрытщ, Урысейм Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министерствэм и еплІанэ Управленэм сриІэжьакІуэщ, - жеІэ Каринэ.

- А махуэм, нэгъабэ щэкІуэгъуэм и 7-м, шэджагъуашхэм ирихьэлІэу си лэжьэгъумрэ сэрэ Дубининскэ зэрамым тет тыкуэнымкІэ дыкІуэрт. А щІыпІэр Павелецкэ вокзалым пэгъунэгъущ, хабзэншагъэ кІыщыхьурейщ. Абдеж къыщыслъэгъуащ цІыхухэу сумкэ иІыгъыу жа лІыр. Абы кІэлъыхьэрт и ахьшэр ядыгъуауэ жиІэу кІий цІыхухэр. Дыгъуакіуэм зыкъригъэзэкІыуэр баллон цІыкІыкІэ адрейм и нэкІым шыбжий ткІуатКІуэ ириутхэрт. Зэуэ зисчащ. Лым сыпэщІыхьэри иІыгъ сумкэр къыІэщІэспхъэтащ, езыри субыдащ. Зэран къыхуэхьуар къызыгурымыІэщта дыгъуакіуэр щтэІэщтаблэу къызэплъырт. Си лэжьэгъу Сусловэ Янэ ди Управленэм и лэжьакІуэхэр къриджащ. Лей къызытехьам иратыжащ ахьшэрэ дэфтэрэрэ зыдэлъ и сумкэр. Дыгъуакіуэр Іуэхур зэхагъэхІыну яшащ.

Урысейм и МВД-м Москва щІэз и къудамэм и пресс-Іуэхущ1апІэм хъыбар сигъэщІащ Управленэм и унафэщІ Якунин Анатолий къызэрыхилъхьар «За отличие в охране общественного порядка» медалыр къызэтыну. «Хабзэр хъумэным, щІэпхъаджащІэр убыдыным теухуауэ зэрихьа захуагъэм папщІэ» жиІэу итщ а унафэм.

Си гъащІэм ятеуэдэ къыщыхъуатэкъым нэхъапэхэм. КъызэрыщІэкІымкІэ, цІыху къэс къару гуэр къыкъуэкІыфынущ зыхэхуэ Іуэхум елъытауэ, - ЩІэдджуащІ Іуэхуитіу.

ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.

СанкцэщІэхэр къыхуагъэувыну пІэрэ?

Украинэр щытыкІэ гугъуэм къикІыным хуэунэтІауэ къыхалъхьэ жэрдэмхэр, ирагъэкІуэкІ Іуэхугъуэхэр пхымыкІмэ, Урысейм санкцэщІэхэр хуэгъэувын хуейуэ къалъытэ Европарламентым и депутатхэм.

Дыгъуасэ къащта унафэм зэрыщІаубзыхуамкІэ, ахэр энергетикэ ІэнатІэм къыщынэныкъуэныным, дунейпсо финанс зэхущытыкІэхэм ди къэралым и Іуэхущ1апІэхэр хэмыгъэхьэным ехьэлІауэ щытынущ.

Европэ советым и унафэщІ Туск Дональд зэрыжиІамкІэ, абы и унафэр щащІынур ґчатхэпэ маззрщ. «ЕС-м Урысей Федерацэм хуигъэуба санкцэхэр къиГъэщІбэнуми е нэхъри щиІкъузэнуми зэпльытауэ щытынущ Іуэхугъуэхэр куэд мэхъу икІи абы дызыхуишэнур зэманым кьигъэлъэгъуэну аращ», - жиІащ Туск.

Зыщымыгугъа насып

США-м щыщ Нью-Йорк къалэм дзс пенсионерым иджыблагъэ лотереекІэ къихьащ доллар мелуан 326-рэ.

Къалэ школым и унафэщІу щыта Даймонд Гарольд зэрымыщІэкІэ яхьыха хуэат Mega Millions лотереем и насып къыщыкІыным щыгугъахэм.

«Си щхьэгъусэмрэ сэрэ Мидлтаун къалэм дыкІуэну дежьат, ауэ дунейр къыззІыхьэри, гъэсэныпхъэ игъэхъуапІэм деж иІэ шхапІэм дыщыхьэу абы тІэкІуи дыщедзэкъэну, борэныр уВыІэжьхуэи дыщІэсыну мурад тщІащ. Абы доллар рипщІкІэ къыщысщэхуат биletыр», - жеІэ апхуэдэ ахъшэр зымыщІэхъху къызыхъуам.

Билетыр къыщІэхуащ, мыхьэнэшхуэ иримыту и бохьшэм дилъхьари, и Іуэху яужь ихьэжат ар. И кІэн къызэрикІар абы къыщыщІар и ныбжьэгъуэхэм я гъуэгу гольф джэгуну щыдэкІа етІуанэ махуэрщ.

«Си ныбжьэгъуэхэм и гугъу ящырт гъэсэныпхъэ игъэхъуапІэм иІэ шхапІэм билет къыщыщІэщхуам ахъшэшхуэ къызэрихьам. Абдеж сигу къэкІащ: уарэ, сэращ абы дыгъуасэ билет къыщыщІэщхуар! ПсынщІэу унэм сыкъэкІуэжри си билетым сеплъыхащ икІи шэч къыщІытетхьэн щымыІэу ар пэжт - ахъшэ псори сэ къэсхьэхуат!» - жеІэ Даймонд.

Пэжщ, апхуэдиз ахъшэр кьратакъым абы. Налогхэр хэкІыжу кьэнар зэуэ къыІиихыну мурад зэрищІам къыхэкІыу, кьратар доллар мелуани 130-рщ. Mega Millions лотереем и хабзэхэм япкъ иткІэ къахьэхуар зэманкІэ зэпыудауэ, Іыхьэ-Іыхьэу щратыжым дежщ ахъшэ псори зейхэм щаІэрыхьэжьр.

Ахъшэр зытрагъэкІуэдзнымкІэ щеупщІым, Даймонд жиІащ и щхьэгъусэмрэ езымрэ зэрызэдзэпсэурэ илъэс 55-рэ зэрырикъур Гавайхэм щагъэлъэпІэну зэрамурадыр. Ахъшэм щыщ Іыхьэ псапащІэ Іуэхуми хуахыну я мурадщ.

НОБЕЛЬ

♦1922 гъэм Балъкъэрыр Горскэ АССР-м къыхэкІащ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областыр РСФСР-м хэту къыхэзрагъэпэщащ.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, Урысей Академием и член-корреспондент **Тембот Аслъэнбий** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Пшынауэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист, АР-м и щІыхь зиІэ артист **ЛІыщІэрыІуэ Ким** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Хэрэджыкіуэ **Къашыргъэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3-5, жэщым щыІэр градуси 2 щыхьынущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Узэралъагъуу уафІощІ, узэрафІэщІу уалъытэ.

Фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэм гу зылъатапхъэ

2015 гъэм щІышылэм и 16-м сыхьэт 11-м КЪБР-м Энергетикэмкіэ, тарифхэмкіэ, псэупІэм и ІэнатІэм щыкІэлъыплъынымкІэ и къэрал комитетым щызэхэтынущ фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэныжьмкІэ лэжьыгъэ ирагъэкІуэкІыну хуит зэращІ аттестатхэр иратын папщІэ зыхуэфащэ экзаменхэр къызэрыІах щыкІэм теухуа зэІуущІэ.

Адресыр: **Налшык къалэ, Горькым и цІэр зезыхьэ уэрам, 4.**

Телефоныр: **8-938-700-54-91**

● КъБР-м и Парламентым

Щыху щхьэхуэхэм я мылъкум тралъхьэ налогым зехъуэж

УФ-м и Президент Путин Владимир иджыблагъэ Іэ щІидзащ «Урысей Федерацэм и Налог кодексым и япэ Іыхьэм и 12-нэ, 85-нэ статьяхэм, етІуанэ Іыхьэм зэхъуэкІынигъэхэр хэлъхьэныж. «Щыху щхьэхуэхэм я мылъкум техуэ налогхэм я Іуэхуитіз» Федеральнэ законым къару имыІэжу къэлъытэным теухуауэ» УФ-м и Закон №284-ФЗ-м. А законымкІэ апхуэдэу Урысей Федерацэм и Налог кодексым щІагъэж «Щыху щхьэхуэхэм я мылъкум тралъхьэ налогыр» 32-нэ Іыхьэр. Абыхэм япкъ иткІэ щыху щхьэхуэхэм я мылъкум тралъхьэ налогым зэрызэихъуэжынум топсэлъыхь Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парла-мент-ым Бюджетымкіэ, налогхэмрэ финансэмкіэ и комитетым и унафэщІ Афэщіагъуэ Михаил.

НОБЭМ къэса налогхэм ящыщу совет лъэхъэнэм къыщІэнауэ щыІэжар мылъкум тралъхьэ налогым и закъуэщ. Абы теухуа законыр УФ-м и Конституциэм итхэгъ къащтат икІи, зэхъуэкІынигъэ лъэпкъ хэмылъу, а законыр 1991 гъэ лъандэрэ къаугъэсбэпащ. Пэжщ, мылъкум тралъхьэ налогыр хъуэжын зэрыхуейм ильэс зыбгъупщІ лъандэрэ щІэх-щІэхьуирэ топсэлъыхь. Ауэ зэхъуэкІынигъэ пыухыкІахэр езы законодательствэм щыхалъхьар 2014 гъэм и кІэухырщ. Абыхэм япкъ иткІэ зехъуэж щыху щхьэхуэхэм я мылъкум налог зэрытралъхьэ щыкІэм.

Альэндарэ налогхэр къыщыдэжкІэ къалъытэу щытар мылъкум и инвентаризацэ уасэу БТИ-м игъуэварщ. Дяпэкіэ инвентаризацэ уасэм и пІэкІэ къащтэнур мылъкур рынокым зэпщхахуэщэнум нэхъ пэгунэгъуу щыт кадастр уасэрщ.

Законым халъхьа зэхъуэкІынигъэхэм япкъ иткІэ, налогым и ставкэр ягъэув мылъкум и уасэм и процент 0,1-рэ хъуэж. Ауэ муниципальнэ властхэм хуитынигъэ яІэщ а ставкэхэр 0-м нэсу ягъэмэщІэну е хуэдизым щІимыгъукІэ нэхъыбэ ящІыну.

КъБР-м и Правительствэм 2013 гъэм дыгъэгъаз эм и 10-м къыдигъэкІа Унафэ №321-ПП-мкІэ къащтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІынальэм хиубыдэу щІыІэ ямыгъэІэпхъуэ мылъкум и кадастр уасэхэр гъэувыным кърикІуахэр. Налог зытехуэ дэтхэнэ мылъку пІуухыкІами хуэгъэзауэ убзыхуэ хъуащ абы пэкІуэу мылъкур зейм къаралым иритыну налогыр зыхуэдизыр.

Псалъэм папщІэ, фэтэрым налог щытралъхьэкІэ къащтэр а фэтэрым щыщу метр зэбгрыкІэнатІэ 20 хэгъэкІауэ, адрей къанэм и кадастр уасэрщ. Пэш щхьэхуэм и гугъу пщІымэ, абы щыщу метр зэбгъуэзанатІэу 10-м, псэупІэ унэм щыщу метр зэбгъуэзанатІэ 50-м яхуэзэ кадастр уасэхэм налог тралъхьэркъым. ЯмыгъэІэпхъуэ комплекс щхьэхуэм псэупІэ пэш щхьэхуэ е псэупІэ унэ хэтмэ, налог зытралъхьэну кадастр уасэр сом мелуанкІэ ягъэмащІэ.

ПсэупІэ унэхэм, псэупІэ пэшхэм, ямыуха ухуэныгъэхэм ящыщу налог ставкэр процент 0,1-рэ хъуэж хуагъэув ахэр проекткІэ зыхуэгъэпсар псэупІэмэ, апхуэдэу комплекс щхьэхуэу зы псэупІэ пэш е псэупІэ унэ, гараж, псэуалъэ зыхэтхэр арамэ икІи ахэр щащІар учей лъапсэжэ зэрахьэн папщІэ хуэхаа щІы Іыхьэхэм хиубыдэмэ.

Фэтэр куэд хуэ унэхэм я гугъу пщІымэ, абыхэм щІэсхэм я зэхуэдэу ябгъэдэль мылъку мыгуэшым налог техуэркъым.

Зи кадастр уасэр сом мелуан 300-м щІигъу мылъкум налог щытралъхьэкІэ ставкэр процентэ 2 хъуэж къащтэ. Апхуэдэ ставкэр къагъэсбэп Урысей Федерацэм и субъектым и гъэзэщІакІуэ властым и уполномоченнэ органым (нэгъуэщІу жьІэпІэмэ, КъБР-м и Правительствэм) хэхуэу къищта спискэм хиубыдэ мылъкум хуэгъэзауи. Адрей мылъку псомэ техуэ налогыр къызэрабжьр процент 0,5-м тетущ.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ зи гугъу тщІы Федеральнэ законым апкъ иткІэ япэм щыІа льготэ псори къызэрагъэнэжьыр. Ауэ апхуэдэ льготэр зытехуэр зы унэщ, зы фэтэрщ е зы гаражщ.

Законым халъхьа зэхъуэкІынигъэхэм къагъэув къэралым и щІыналъэ щхьэхуэхэр хабзэщІэхэм щыхуэкІуэн хуей пІалъэхэр. Ди республикэри яхэту, УФ-м и субъект псори 2020 гъэм нэсыху хуэкІуэн хуейщ кадастр уасэм тещІыхьауэ налогхэр къэбжьыным. Иджыпей налог телъхьэкІэр къэралпсом щызэкІуэжьынкъым 2020 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ. Ауэ абы нэхъ пасэу хуэкІуэнухэри щыІэщ. Псалъэм папщІэ, Москва къалэмрэ Москва областымрэ щыпсэухэм я мылъкум 2015 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ налог зэрытралъхьэнур кадастр уасэм тещІыхьауэщ. ЗаконыщІэм 2015 - 2016 гъэхэм къриубыдэу хуэкІуэнущ къэралым и нэгъуэщІ щІыналъэу тІ. Абыхэм ящыщщ Калининград, Калугэ, Кемеровскэ, Иркутскэ, Нижегородскэ, Ростов, Самарэ, Тверь областхэр, Краснодар, Красноярск крайхэр, Башкортостан Республикэр, Тэтэрстан Республикэр.

Налог телъхьэкІэщІэр къэгъэсэбэпыным зыхуэгъэхьэзырыныр ди республикэм щыІэсфІагъэкІыну я мурадщ 2016 гъэм къриубыдэу. Абы папщІэ 2015 гъэм КъБР-м и республикэ бюджетым къыщІальытащ ямыгъэІэпхъуэ мылъкум и кадастр уасэр гъэтэмэмыжьыным текІуэдэну ахъшэр.

Языныкъуэхэм жаІэ мылъкум техуэ налогым и хъэбжьыкІэщІэм щыхуэхэм я фейдэ хэмылъу. Ауэ, сэ къызэрыслъытэмкІэ, апхуэдэ еплъыкІэр тэмэмкъым. Япрауэ, псэупІэхэр зыхуэдэм, абыхэм я лІэужьыгъуэм тещІыхьауэ тралъхьэ налогхэм зэрыхуэфащэкІэ кІэрагъэху. ЕтІуанэрауэ, налог хъэбжьыкІэщІэр къэгъэсэбэпыным зыхуэзыгъэхьэзырахэм я щапхъэм къызэригъэльагъуэмкІэ, псэупІэм и уасэм тещІыхьауэ налогхэри зэхэгъэщхьэхукІащ. Москва областым хиубыдэ щІыналъэм фэтэрхэм я кадастр уасэм и процент 0,1-р зэрещІыкІыжу налог ставкэу къыщІатам, апхуэдэ ставкэ дыдэхэр Москва къалэм къызэрыщагъэсэбэпынур фэтэр нэхъ къызэрыгуэкІхэм, метр зэбгъузанатІэ 50-м щІимыгъу псэуалъэхэм икІи зи кадастр уасэр сом мелуани 10-м фІэмыкІхэм яхуэгъэзауэщ. Нэхъ гурыІуэгъуэу жьІэнщи, метр зэбгъузанатІэ 78-рэ хъу икІи кадастр уасэу сом мелуани 10 зыхуагъэза фэтэрым папщІэ Москва дэсхэм налогыр ятынур кадастр уасэм и процент 0,1-рщ е сом минипщІым нэблагъэщ.

Си псалъэм и кІуэхыу къыхэзгъэщыну сыхуейт муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр мы Іуэхум быдэу егупсысауэ, дэтхэнэ социальнэ гупмэ я псэукІэмрэ унэхэм я щытыкІэхэмрэ къэльытауэ бгъэдыхьэн зэрыхуейр. НэгъуэщІу жьІэпІэмэ, цІыху гуп зэмылІэужьыгъуэхэм налогхэр захуагъэ хэлъу трамыкІыхьэу хъунукъым. АтІэми, мылъкум и рынок уасэр убзыхуэм пыщІа пэжыгъэр тынщыкІ. Абы къыхэкІыу а Іуэхур и зэманым дэтхэнэ муниципалитетми иригъэкІуэкІыпхъащ.

АФЭЩІАГЪУЭ Михаил,
КъБР-м и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмрэ финансэмкіэ и комитетым и унафэщІ.

2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм игъэтыну социально-экономикэ зыужьыныгъэм зэрыхуэплъэм и Іуэхуитіз

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м Налшык къалэ №255-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ**:

1. Дэыгъыпі мы унафэм щыгъуэху:

2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм кьрикІуахэм ятеухуауэ пэублэу къатахэр;

2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм зэрыхуэплъэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэзу 2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым и ахъшэкІэ ягъэзэщІэну къагъэлъэгъуахэм я спискэр;

2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къэрал (республикэ) Іуэхуіз зыхуей продукцэу къащІэхунухэр зыхуэдэхэмрэ ахэр зыхуэдизымрэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм яхуэгъэувын, республикэм и муниципальнэ районхэмрэ я къалэ округхэмрэ я щІыналъэ организацэхэм, хозяйствэ зезыхъэ субъектхэм чэнджэщ етын продукцэ щІынымрэ кьегъэшэнымрэ, лэжьыгъэхэр (Іуэхутхьэбзэхэр) зэфІэгъэкІынымрэ техуха зэгурыІуэныгъэхэр зыхуэфащэхэм щращІыкІэ 2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм зыхуэплъэхэм и япэ вариантым тращІыхьыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм яхуэгъэувыну 2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм зэфІагъэкІыну зыхуэплъэ Іуэхуіз зэрыхэм я унафэм щІэт организацэхэм я дежь нагъэсыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр зыхуэфащэ ильэсхэм ятещІыхьауэ щыІэзэхилъхьэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэхэр гъэзэщІэным текІуэдэну ахъшэр къиныІытэну.

5. Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыналъэ администрацэхэм чэнджэщ етын 2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм зыхуэфащэ муниципальнэ щІыналъэхэм я экономикэ, социальнэ зыужьыныгъэмкІэ зыщыгугъэхэр къыщащтэкІэ 2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм зыхуэплъэхэм тращІыхьыну икІи ягъэув къалэнхэр езыхэм я щІыналъэхэм хозяйствэ щыІэзэхьхэ субъектхэм я деж нагъэсыну.

6. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ ильхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Альтуд Ю. Къ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МУСУКОВ Алий

Мэкъумэш продукцэ къэзылэжьхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лышхуэ зыщІ Іэщыр щыгъэхъуным зыщрагъэужьын папщІэ 2014-2016 гъэхэм субсидиехэр зэрырат Хабзэхэм я Іуэхуіз

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 18-м Налшык къалэ №270-ПП

«Урысей Федерацэм и субъектхэм я мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыныжьмкІэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ щыналъэ программэхэр гъэзэщІэным зыщІагъэхъуэ папщІэ Федеральнэ бюджетым къыхэкІыу Урысей Федерацэм и субъектхэм я бюджетхэм субсидиехэр зэрырат икІи ахэр зэрытрагъашэ Хабзэхэр къащтэным и Іуэхуіз» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2010 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м кьыдигъэкІа унафэ №1042-м ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ**:

1. Мэкъумэш продукцэ къэзылэжьхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лышхуэ зыщІ Іэщыр щыгъэхъуным зыщрагъэужьын папщІэ 2014-2016 гъэхэм субсидиехэр зэрырат Хабзэхэр къащтэн.

2. Къару ямыІэжу къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кьыдигъэкІа унафэхэу мы къыкІэлъыкІуэхэм:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лышхуэ зыщІ Іэщыр щыгъэхъуным зыщрагъэужьын папщІэ 2014-2016 гъэхэм субсидиехэр зэрырат Хабзэхэм я Іуэхуіз» 2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 10-м №331-ПП-м щІэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 10-м къыдигъэкІа унафэ №331-ПП-м зэхъуэкІынигъэ хэлъхьэным теухуауэ» 2012 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м №167-ПП-м щІэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 10-м къыдигъэкІа унафэ №331-ПП-м зэхъуэкІынигъэ хэлъхьэным и Унафэщі щІэту къащтам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фэтэр куэд хъууэ щыІэ унэхэм щІэсхэм я зэхуэдэ мылъку мыгуэшыр капиталнэу зэгъэпэщыжьыным трагъэкІуэдэн папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу халъхьэ взносыр 2015 гъэм тещІыхьауэ индексацэ щыным и Іуэхуіз

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м Налшык къалэ №314-ПП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фэтэр куэд хъууэ щыІэ унэхэм щІэсхэм я зэхуэдэ мылъку мыгуэшыр капиталнэу зэгъэпэщыжьыным трагъэкІуэдэн папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу халъхьэ взносыр 2015 гъэм тещІыхьауэ индексацэ зэращІ коэффициентыр 1,055-рэ хъууэ гъэувын ахъшэм къыщІэкІын зэрыкІэрыхуам къыхэзыІу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

Шапсыгъхэм ятеухуауэ

● Ди гъэпкъэгъуэхр

Шапсыгъ Адыгэ Хасэм Лазаревскэ щиІэ и Іуэхуіщапіэм щекІуэкІащ «Урысей Федерацэм щыщ адэлъхьу лъэпкъ мащІэм - шапсыгъхэм ятеухуа и къэрал политикэ гъэбелджылар» Краснодар крайм зэрыщагъэзащІэм теухуа зэІуіщІэ.

ЛЪЭПКЪ зэныбжьэгъуГъэр гъэбыдэныр, цІыхухэм я зэхуаку гуапагъэ дэлъыным къыхуеджэныр Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу кьыщуов лъэпкъ куэд щыпсэу Урысейм. Къаралыр Іейм, зэрыкъэрийм пэщІэтын папщІэ, губзыгъэу убзыхуэ лъэпкъ политикэ щІын хуейщ. Абы щыщщ щІыдэлъху лъэпкъхэм защІэгъэкъуэнри. Хы Фыщіэ Іуфэм щыпсэу адыгэхэм я социально-экономикэ, лъэпкъ-щэнхабзэ зыужьыныгъэхэм ехьэлІа Іуэхугъуэхэм ятеухуауэ щытащ Краснодар щыІэ Адыгэ щэнхабзэмкІэ центрым къыхэригъэпэща зэІуІщІэр. Абы хэтащ центрым и унафэщІ Шамэ Сэфиет, Краснодар крайм Къэрал къІуэ политикэмкІэ и департаментым лъэпкъхэм я зэхуэщыпытыкІэмкІэ, политикэ пархтэм, жылагъуэ зэгурыІуэныгъэхэм ядэлжьэныжьмкІэ кьудамэм и унафэщІ Мозговой Сергей, къэрал властым и щІыпІэ органым и лэжьакІуэхэр, шапсыгъхэм я жылагъуэ парламентым хэтхэр, щІыпІэм щыпсэу нэхъыжьхэр, щэныгъэлІхэр, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэр, журналистхэр.

Зи цІэ къитІуаехэм нэмыщІ, зэІуІщІэм хэтащ Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ КІэкІыхъу Мэжид, ТІуапсы районым и администрацэм жылагъуэм ядэлжьэныжьмкІэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ Куриянов Артём, «Шапсугия» жылагъуэ зэгурыІуэныгъэм и унафэщІ ЩхьэлъахьуэМадин, Лазаревскэ щэнхабзэмкІэ и центрым адыгэ щэнхабзэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Хеишхуэ Руслан сымэ.

Иужьрей ильэсхэм къэралыр щІэгъэкъуэн зэрыхъуэ и сэбэнкІэ зыужьыныгъэ ягъуэтащ ТІуапсэрэ Лазаревскэрэ щыІэ адыгэ къуажэхэм дэт школхэм, щэнхабзэмкІэ унэхэм, уэрэджыІакІуэ, къэфакІуэ гупхэм, «Шапсугия» газетым. Кьызэрагъэпэща проектышхуэхэм ящыщщ Сочэ и Олимп паркым иращІыкъа «Адыгэ унэр», Агуей-Шапсыгъ къуажэм дащыхьа тхьдэщэнхабзэ лъахэхутэ музейр. ЗэІуІщІэм кьызэрыщыхагъэщащи, гулъытэ лей хуэныкъуэ Іуэху зэІуІмобзэри щыІэщ. ЦІыхухэр нэхъ зыгъэпІейтейхэм ящыщщ бзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ, шапсыгъхэм я хуитыныгъэр хуэмэныр. ЩІэблэр гъэсэным, лъэпкъым зегъэужьыным къэзыгъэхуэ къэпсолъэщ Агуей-Шапсыгъ къуажэм дэс нэхъыжьхэм ящыщ Махуэгъэл Сэлим. Гъунэгъу щыналъэхэм ныбжьэгъугъэкъуэшыгъэ хуаІэнэ и Іэмал гъэщІагъэнэхэм тепсэлъыхьащ Адыгэ Республикэм и лІыкІуэу Краснодар крайм и администрацэм и унафэщІым и деж щыІэ ТІрахъуэ Тимур. ЗэІуІщІэм кьыщаІэтахэм екьэлІаеу я Іуэху епльыкІэ жаІащ Краснодар щыщу щэныгъэлІхэм - социологием щэныгъэхэм я доктор Хьэгъур Айтэчрэ профессор КІыргъ Іэсхьэдрэ.

ЗэІуІщІэм щызэгурыІуащ мы щыналъэм ижь-ижьыж лъандэрэ щыпсэу лъэпкъым и бзэр, и хабзэр ихуэмэжьым я Іуэхугъэ щхьэлъахьуэ Мадин, Лазаревскэ щэнхабзэмкІэ и центрым адыгэ щэнхабзэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Хеишхуэ Руслан сымэ.

Иужьрей ильэсхэм къэралыр щІэгъэкъуэн зэрыхъуэ и щІыналъэм щыпсэу нэхъыжьхэр, щэныгъэлІхэр, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэр, журналистхэр.

Зи цІэ къитІуаехэм нэмыщІ, зэІуІщІэм хэтащ Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ КІэкІыхъу Мэжид, ТІуапсы районым и администрацэм жылагъуэм ядэлжьэныжьмкІэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ Куриянов Артём, «Шапсугия» жылагъуэ зэгурыІуэныгъэм и унафэщІ ЩхьэлъахьуэМадин, Лазаревскэ щэнхабзэмкІэ и центрым адыгэ щэнхабзэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Хеишхуэ Руслан сымэ.

Иужьрей ильэсхэм къэралыр щІэгъэкъуэн зэрыхъуэ

НЫБЭ Анзор.

● КъБР-м и прокуратурэм

Щхьэхуэу лэжьыпхъэхэр

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур нэгъабэ дыгъэгъазэм и 29-м иригъэкІуэкІащ зэщІэгъэуІуэ щІэпхъаджагъэхэм ебэныныжьмкІэ Іуэхущ1апІэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым и зи чэзу зэІущІэр. Абы хэтащ УФ-м Следствэмкіэ и комитетым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, КъБР-м щыІэ МВД-м, Урысейм и ФСБ-м, ФСКН-м, ФСИН-м я щыналъэ управленэхэм я унафэщІхэмрэ я лэжьакІуэхэмрэ.

ЗЭХЫХЬЭМ щызэпкърахащ 2012 - 2015 гъэхэм ятещІыхьа план зэуІур гъэзэщІэныжьмрэ зэщІэуэзда щІэпхъаджащІэхэм ебэныныжьмрэ хуэунэгъуэ зэфІэгъэкІа хъуэжр.

Кьызэхуэсахэм кьыхагъэщащ зэщІэгъэуІуэ щІэпхъаджагъэр кьрагъаныжьмрэ жылагъуэмрэ я дежкІэ нэхъ шынагъуэ зыпылъ хьэгъэщагъэу зэрыщытыр, экономикэм и мызакъуэу, социальнэ зыужьныгъэм, лъэпкъхэм я зэхущытыкІэм, гъащІэм щекІуэкІ нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэм зэранышхуэ зэрахуэхъур. А кьэхъуэщащІэм пэщІэтыныр кьэралым и дэтхэнэ Іэнатіэмэ, псом япэу хабзэхъумэ organизмэми мыхьэнэшхуэ зиІэ я къалэнщ.

ЗэщІэгъэуІуэ бзаджащІэ гупхэм нэгъабэ щІэпхъаджагъэ 228-рэ ялэжьащ. Ар ипэ ита илъэсым ялэуэ 61-кІэ нэхъыбэщ. ЩІэпхъаджагъэ хьэлъэрэ хьэлъэ дыдэу ялэжьми процентэ 10,5-кІэ хэхъуащ. Ахэр нэхъыбэу зи Іэужьыр террорист бзаджащІэ гуп щэхурлажьэхэрщ.

Зэкъыжьм кьызэрыщыхагъэщамкІэ, щІэпхъаджагъэ лІэужьыгъуэ щхьэхуэхэр къэхутэным хъарзынэу ехьулІэми, хьэгъэщагъэхэр емыгъэлэжьыным, кьызэпыудыным, кьыщІэгъэщынным теухуауэ кьапэщытхэр а кьалэнхэр зи пщэрыпІэ кьудамэхэм нэгъэсауэ ягъэзащІэркъым. Экономикэм, корупцэм, хуимыту Іэщ зэрыщэгъакІуэм, мурад бзаджэ яІэу лей зэрызэрахьэм, нэгъуэщІхэми пыщІауэ зэщІэгъэуІуэ гупхэм хэтхэм ялэжьа щІэпхъаджагъэхэм ящыщ кьыщІагъэщакъым. Іэщэр, щэхэр, кьагъауэ вещественэхэр, Іэмэпсымэхэр кьызэрашэ щыкІэр, ахэр щагъэхьэзыр щІыпІэхэр кьэхутэным егупгъэкъым. ЩІэпхъаджащІэ гупхэм я унафэщІхэм, я кьызэгъэпэщакІуэхэм я Іуэхущ1апфэр кьызэрыпыудыным хуэунэтІауэ зэфІагъэкІыр мащІэщ.

Республикэм щытыкІэр зэрыщытКІиям кьыхэкІыу, кьагъэсэбэп Іэмалхэмрэ хэкІыпІэхэмрэ егъэфІэкІуэн, Іэщ1агъэлІхэм я Іэзагъэм зэпымыууэ хэгъэхуэн, яхь жэуапЛныныгъэр гъэлъэщын хуейщ.

ЗэІущІэм щагъэбелджылащ хабзэхъумэхэм я жыджэрагъыр кьэІэтыным, щІэпхъаджагъэхэр кьызэрызэпауд, кьызэрахутэщІыкІэр енгедгъэкІуэным хуэунэтІауэ щхьэхуэу лэжьыпхъэхэр.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Гъуазджэ

ЩІыхухэр зэзышалІэ дахагъэ

КъБР-м и цІыхубэ суратыщІ КІыщ Мухьэдин и выставкэ щІышылэм и 9-м Мадрид къыщызэІуахащ. художникым и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрырикъуэ ирагъэхьэлІэу. Гъэлъэгъуэныгъэр кьыщызэІуахым цІыхухэр ирагъэпльащ КІыщым и лэжьыгъэхэм ущызыгъэгъуазэ фильмым.

ГАЛЕРИСТ Порто Марие жиІащ Мухьэдин иджырей гъуэзджэм хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуищІар. АбикІэ арэзыуэ хъэпсэлъащ нэгъуэщІхэри икІи кьыхагъэщащ художникым пльыфхэр зыми емыщхьу Іэзэу и сурэтхэм кьызэрыщигъэсбэпыр, Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэ куэд абыхэм кьызэрыІуатэр.

КІыщым и менеджер, и щхьэгъусэ Мосс Жаклин зэрыжиІамкІэ, Мухьэдин бжьыхьэм Урысейм кьыщызэІуихыну и выставкэм лэжьыгъэщІэхэр хуигъахьэзырын щІидзащ. А лэжьыгъэхэр Мухьэдин щигъэлъэгъуэнущ Мейкьуапэ, Краснодар, Налшык, нэгъуэщІ щІыпІэхэми.

КІыщ Мухьэдин выставкэм кьрихьэлІахэми ар абы кьыхуэзэщІэнрэ ящІэнрэ ящІ. СурэтыщІым жиІащ Испаниемрэ щыпсэу и Іьэпкъэгъуэхэр кьызэреблэгъар и гуапэ дыдэ зэрыхуэри. КьыхэзгъэщІапхъэщ гъэлъэгъуэныгъэм цІыху цІэрыІуэ куэд зэрыщыІар, уеблэмэ нэгъуэщІ кьэралхэми кьикІа яхэту.

Къэрал псэупІэ кІэлъыплъыныгъэр кьызэгъэпэщыжьмкІэ къэрал пщэрыльхэр дяпэкІэ зыгъэзащІэнэр КъБР-м Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэупІэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ и къэрал комитетырщ. Абы и кьалэн нэхъыщхьэщ псэупІэ, коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъыр федеральнэ, щыналъэ пщалъэхэм кьрагъэтІэсэну, федеральнэ, республикэ пщалъэхэмрэ мардэхэмрэ тету псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэр ягьуэтын щхьэкІэ, цІыхухэмрэ кьэралымрэ я хуитыныгъэхэр, хабзэкІэ я сэбэп зыхьэльэр яхьумэну, псэупІэ фондыр кьызэрагъэсэбэпым, зэрызэрахьэм кІэлъыплъыну, ныкъусаныгъэхэр кьызэпаудыну, кьахута щыщІэныгъэхэр ирагъэзэзэкІуэжыну.

«УРЫСЕЙ Федерацэм и цІыхухэм зэрызыкьыхуагъазэхэм зэрыхэлъэ щыкІэм и Іуэхуіз» 2006 гъэм накьыгъэм и 2-м кьыдэкІа Федеральнэ закон №59-ФЗ-м ипкъ иткІэ, тхыгъэу ират тхьылъэм, унафэщІым е абы и кьуэдзэм я щхьэкІэ хуэзэхэм я заявленэхэм, апхуэдэу я интернет-хэщІапІэм ягъэхьхэм комитетыр копльэ. Іуэхур хэхауэ зэхьэлІахэмрэ я Іэнатіэм и кьудамэхэм я нэхъыжьхэмрэ хэту, мазэм и иужь мэрем махуэ хэсс сыхьэт 16-м кьыщыщІэдзауэ 18 хъуэку комитетым и Іэтащхьэм цІыхухэр ирегъэблагъэ. Абы теухуа хьэбарыр я сайтым щызэпкърагъэхащ.

Кьудамэхэм я унафэщІхэр зэщхьэщыхауэ махуэ кьэс я лжьаПІэм цІыхухэм щахуоз. И щхьэкІэ зыхуэзыгъаззэр зыгъэпІейтейр наІуэмэ, абы и арэзынигъэ хэлъу, зытекІуэха Іуэхур тхьылъэшэу хуэзэфІахынущ. Адрейхэм я упщІэхэм Тхьэгъэкіэ жэуап иратынущ. ЗэщІэупщІэхэр я

● Къэрал Іуэхущ1апІэхэм

Федеральнэ щІыналъэ пщалъэхэм тету

къалэным хэмыхьэмэ, зызыхуагъэзэн хуейр гурагъэІуэнущ. КьищынэмыщІауэ, Іуэхур и упщІэм нэхъапэкІэ я хуэфащэ жэуап игъуэтауэ кьыщІэкІмэ, апхуэдэм щІэрыщІэу хэпльэжьнукъым.

Зэрызыхуагъазэ тхьыгъэ яІэрыхьа нэхъ, махуищ ПІалъэм кьирибудэу ятхьылъ хуейщ. Абы кьыщыІэт Іуэхур комитетым и пщэрыльхэм хэмыхьэмэ, тхыгъэ зейм хьыбар ирагъэщІэнурэ, щатхам щегъэжьауэ махуибл ПІалъэм кьитІасэу зыхуэфащэ органым е ар зэхьэлІа кьулыкъущІэм хуагъэхьынущ.

Щатхам щегъэжьауэ, кьыкІэлъыкІуэ махуэ щэщІым кьриубыдэу тхьылъым хокІуэ. А ПІалъэм кьитІасэмэ, зыхуэзыгъаззэм хьыбар иригъащІэу, махуэ щэщІым нэскІэ унафэщІым абы пищэну хуитщ.

Комитетым и Іэтащхьэмрэ унафэ къэзыщІэну хуит кьулыкъущІэхэмрэ цІыхухэм зэрызыхуагъазэм и пщэрыльщІэхэм кІэлъоплъ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал граждан кьулыкъым и Іуэхуіз» КъБР-м и Законым р Лэжьыгъэмкіэ законодательствэмрэ кьызэрагъэуэным тету, хабзэм ебакъуэжэр дисциплинэ жэуапым ирашалІэ.

ЯІэрыхьэ тхьыгъэхэр мазэ кьэс зэпкърах, УФ-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм, апхуэдэу республикэм и Правительствэм и отчетхэр ират. Зэрызыхуагъазэхэм зэрыхэплъам теухуа хьыбархэр комитетым и сайтым www.gketbr.ru электрон Іэмалымкіэ щызэбграгъэх. ЦІыхухэр зыгъэпІейтей упщІэхэр щызэпкърах тхьыгъэхэр «ПсэупІэм и щІэнгъуазэ» псалъащхьэм щІэту, «Кабардино-Балкарская правда» газетым щІэх-щІэхьыпрэ традзэ.

Апхуэдэу комитетым и официальнэ сайтым иралъхьащ «КъБР-м щыпсэухэм папщІэ коммунальнэ платежхэм я калькулятор». Абыкіэ Іуэхухэм занщІэу къапщытэфынущ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм щІатымрэ ягъэува уасэхэмрэ зэрызэхуэкІуэр. Коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм хуэзэм зэрыхэхъуэ щыкІэмрэ щыІэ уасэхэмрэ зэщхьэщыкІмэ, апхуэдэу Къэрал комитетым и пщэрыльхэм хьыбэу зыщІэунущІэн щыІэмэ, я щхьэкІэ е тхьылкІэ мы хэщІапІэм зыхуагъазэ хуэнуц:

Налшык къалэ, Горькэм и цІэр зезыхьэ уэрам, 4, кенцелярием и телефон-факсыр - (8662) 40-83-18; телефон хэхар: (8662) 42-60-47. Тхьыгъэхэр gketkbr @ mail. ru электрон пощтымкІэ ягъэхь е комитетым и сайтым и www.gketkbr.ru электрон хэщІапІэр къаугъэсбэп хьунущ.

Литературэм и илъэс 2015

Уи пшынэр бзэрабзэу къыдокIыр Нартан

ПащIэ Бэчмырзэ

Пэжыр зи гъуазэу захуэм щIэбэн

(ПащIэ Бэчмырзэ илъэси 160-рэ ирикъуащ)

«Жьым щытхъуи, щIэр къащтэ», - жеIэ псалъэжьым. ПащIэ Бэчмырзэ къыжьэдэкIауэ нобэ лъэпкъ Iущыгъэ хъужа псалъэхэри, тхыдэм ар зэрыхэплъа нэ жанхэм къаубыда сурэтхэри зэи жьы мыхъу, зэманым и жыглыц къызытемыкIэ удзыпцIэ щхъуантIэщ лъэпкъыбзэм и дежкIэ. А хадэм нобэ идогъэблагъэ «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэр.

УсакIуэ нэсыр гъэлъэпIэн зэрыхуейр, дауи, езым и IэдакъэщIэкIхэм яхуэфэщэн бзэ шэрыуэкIэщ. ПащIэ Бэчмырзэ къилэжь псалъэ къэбгъуэтын папщIэ, апхуэдэ Iэмалу щыIэхэм я нэхъыфIыр езы джэгуакIуэр зыцIыхуа, зылъэгъуа, абы и къалэм гъэбзэкIэмрэ и дуней тетыкIэмрэ дэплъейурэ къекIуэкIа щIэныгъэлIхэм, усакIуэхэм, благъэхэм, къуажэдэсхэм я гукъэкIыжхэм ухэплъэнырщ. Абыхэм япэ итщ, илъэси 160-рэ и пэкIэ зэхилъхьами, езы Бэчмырзэ и сатырхэр, и чэзу дыдэу дунейм къытехьауэ къыпфIэщIхэр.

ИНЫБЖЬЫР илъэс пщыкIутI щыхъуам, Бэчмырзэ зы хъуэпсапIэр къехъулIащ - тхылъ зригъэщIэн папщIэ, и хьэблэгъу Лъеиншэ Мысост иратащ. Iустаз хуэхъуа зэщхьэгъусэхэм я деж куэд къыщищIащ щIэныгъэм, еджэным зи нэр къыхуикI, абы хуэпабгъэ щIалэ набдзэгубдзаплъэм. ПащIэ Бэчмырзэ хьэрыпыбзэкIэ къеджэфу, тхэфу езыгъэсар Лъеиншэ Мысост и унэгуащэ Лухъанщ.

Диным зэрыхущытым зихъуэжат?

ПащIэ Бэчмырзэ и творчествэм тепсэлъыхьахэм, ар зэпкърызыхахэм яхэтщ зэманым елъытауэ абы и дин еплъыкIэм зихъуэжауэ жызыIэ. Зыгуэрым и псалъэкIэ, и шынагъэкIэ, е зэманым зыдригъэкIункIэ Бэчмырзэ и дин бгъэдыхьэкIэм зихъуэжащ жыпIэныр захуагъэкъым.

ПащIэ Бэчмырзэ муслъымэн аслъыт. Псэуху, Iиманымрэ динымрэ иIыгъащ, зэи IэщIыб ищIакъым. «Алыхьыр уи фIэщ ирихъуну щыIэр мащIэ», - еущиерт ар хэти. И псэлъафэ дыдэт: «Шэмрэ лъымрэ зэщIимыгъакIуэу жэмым и шхуэлым шэ изыгъахъуэ Алыхь зи закъуэм гущIэгъу и куэдщ».

Диным хуэгъэза усыгъэ зыбжанэ къыщIэнащ ПащIэм. УсакIуэм къызэринэкIа гъыбзэ псоми ислъам диным ижь къыщIихуащ.

Гъыбзэ жанрым и лъабжьэр къэхъуа гуIэгъуэщ, цIыхупсэр зыщыщтэщ. Дунейм ехыжам, абы и гъащIэр зэриух щIыкIэм щытеусыхькIэ, IупщI мэхъу ПащIэм диным къигъэувхэр и фIэщ зэрыхъур, зэрыдиIыгъыр. УсакIуэм пхыкIауэ зэригугъэмкIэ, дунеитI щыIэщ: зыр пIалъэкIэ дызытет дуней «хьэхурщ», адрейр цIыхур лIа нэужь псэр зэкIуэлIэжырщ - ахърэтырщ. Дунейр зэрыкъутэжынум, жэнэт, жыхьэнмэ зэрыщыIэм шэч къытрихьэркъым. ПащIэ Бэчмырзэ и усыгъэхэм хьэрып, тырку, къэжэр псалъэхэр, фIэщыгъэхэр къызэрыхыхьэр ислъам диным и фIыгъэщ куэдкIэ. Абы усакIуэм и псалъэ гъэтIылъыгъэр нэхъыбэ ищIащ, и лексиконыр игъэбэтащ.

Алыфбей зэрызэхилъхьар

Бэчмырзэ и псэ мызагъэр тепыIэртэкъым. Ар хуейт и усыгъэхэр нэхъыбэм зэхахыну, тхылъымпIэм иту илъагъуну. Егупсысырт зэхилъхьэ уэрэдхэр, гъыбзэхэр гъэнэхуа зэрыхъуну щIыкIэм - хьэрып хьэрфхэр къигъэсэбэпурэ, алфавит зэхилъхьащ. Зыгуэрхэр зэран зыхуимыгъэхъун мурадкIэ, Бэчмырзэ я хадэкIэм декIуэкI къуэкIийм и бжьэпэм щIыунэ щищIащ, езыр щыпсэуну, щылэжьэну. А щIыунэрщ усакIуэм алфавит щызэхигъэувар, и усыгъэхэм я нэхъыбапIэр щитхар.

Хъуэпсап Iэхэм я нэхъ иныр

Хьэрып азбукэр зи лъабжьэ азбукэ щызэхилъхьэм, адыгэ макъ зыбжанэм яхуримыкъу хьэрфхэр Бэчмырзэ езым къигупсысащ, хьэрып хьэрфхэм диакритическэ дамыгъэ гуэрхэр щIигъуурэ.

ПащIэм и алфавитыр хьэрф 39-рэ мэхъу. Бэчмырзэ хьэрып алфавит къигъэсэбэпурэ итха усыгъэм къеджэф щыIа дэнэ къэна, атIэ ахэр зэзыдзэкIыф къыкъуэкIащ. Апхуэдэт куржы щIэныгъэлI Джанашиа Симон, ди ЩоджэнцIыку Алий сымэ.

Истамбылак Iуэр къызэригъэувыIар

Хамэ къэралхэм, Тыркум Iэпхъуа адыгэхэм я Iуэху зэрыщыт зригъэщIэну Бэчмырзэ пщэрылъ зыщещIыж. Бэчмырзэ Тыркум зэрыкIуар абы и ныбжьэгъу Чэлимэт Хьэжумар мыпхуэдэу къиIуэтэжащ: «ИстамбылакIуэм и зэмант. Жылэр зэрызехьэрт Истамбыл кIуэну. Къуажэ сходым къоувэри, Бэчмырзэ мыр къепсэлъ: «ФымыпIейтей, фи пIэм фис, сэ къэсщIэнщ Тыркум щыIэ псэукIэр зыхуэдэр». УсакIуэр Тыркум щилъэгъуамкIэ арэзы мыхъуу, СириемкIэ иунэтIащ, ар псэупIэ зыхуэхъуа адыгэхэм яшх, я дуней, я натIэм къритха зэхихуну. Бэчмырзэ гъусэ иIэу, Сирием щыIэ адыгэ къуажэхэр къызэхекIухь, къызэхеплъыхь. Псалъэм папщIэ, ПащIэр щыIащ Хъышней, КъунейтIрэ, Хьэнзиуан, Барикъэ жылэхэм.

Бэчмырзэ щалъхуа щIыпIэм къигъэзэжа нэужь, къуажэ-къуажэхэр къикIухьурэ и нэгу щIэкIахэр, илъэгъуахэр иIуэтэжащ. Бэчмырзэ и усэ зыбжанэ гукIэ зыхъума Чэлимэт Хьэжумар щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, «адыгэхэр Тыркум кIуэныр Бэчмырзэ и фIыгъэкIэ нэхъ мащIэ хъуащ, ауэрэ щагъэтыпащ». Ар зэманкIэ зыхуэзэу зыхуагъэфащэр 1892 - 1893 гъэхэрщ, езы ПащIэр илъэс 35-м иту.

Жэпуэгъуэ революцэмрэ Бэчмырзэрэ

ПсэукIэщIэм и джакIуэ ПащIэм къуажэхэр къызэхикIухьырт, псори и нэкIэ зригъэлъагъумэ фIэфIт: ар я хьэщIэ лъапIэт гъэмахуэри щIымахуэри зэлъэзыгъэIэсу губгъуэм ит Iэщыхъуэхэм, щIым телэжьыхьхэм, ухуакIуэхэм, егъэджакIуэхэм.

Жэмыхьэтым, жылэхэм, хэкум щыIэ унафэхэр цIыхубэм яхэгъэIуэныр пщэрылъ зыщызыщIыжа, ар IэнатIэ зыхуэхъуа Бэчмырзэ гуапэу дэни щрагъэблагъэрт. Зеикъуэ дэсхэм усакIуэм хуащI щIыхьым, къилэжьа пщIэм и дамыгъэу, 1930 гъэм ПащIэм къратыгъащ жып сыхьэт.

Зи Iэщхьэлъащхьэр дэхьеяуэ псэукIэщIэм хэлэжьыхьа Бэчмырзэ гулъытэншэ хъуакъым - 1931 гъэм щытхъу тхылъкIэ и цIэ къраIуащ.

ПащIэ Бэчмырзэ IуэрыIуатэр зыхилъхьэ щыIэтэкъым. IуэрыIуатэ теплъэгъуэхэм ящыщу нэхъыфIу илъагъур уэрэдымрэ псалъэжьхэмрэт. Архивым къыхэдгъуэтэжа тхыгъэм итщ: «Къэбэрдей-Балъкъэр автономнэ областым цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ и къудамэр щIолъэIу ПащIэ Бэчмырзэ Машэ и къуэм, мы справкэр зэттым (псысэхэр, таурыхъхэр, Iэрытххэр зэхуэзыхьэсыжым), иригъэкIуэкI лэжьыгъэмкIэ дэIэпыкъуэгъу фыкъыхуэхъуну, абы Къэбэрдейм, Балъкъэрым я псэукIэу щытам теухуа тхыдэ материалхэр зэрызэхуихьэсыжым папщIэ». А тхылъыр ПащIэ Бэчмырзэ къыщратар 1928 гъэрщ.

«Дыщэ пхъуантэмрэ» лIэныгъэмрэ

Гугъэ дахэхэр зиIа Бэчмырзэ и «Дыщэ пхъуантэр» зэтрихын хунэмысауэ, 1936 гъэм мазаем и 20-м дунейм ехыжащ.

Бэчмырзэ лIэри илъэсих дэкIа нэужь, абы и усыгъэхэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи щIэх-щIэхыурэ газетхэм къытрадзэ, тхылъ щхьэхуэуи къыдэкI хъуащ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид, ПЩЫБИЙ Инал.

Жэхьилт хьэмэ щIэныгъэлIт?

ЩЫIЭЩ псэ тынш, и ныбэ изрэ ил къыщIэмыщмэ, нэгъуэщIкIэ мыхъуапсэу; щыIэщ псэ нэпсей, мылъкурэ тхъэгъуэкIэ зимыгъэнщIу; щыIэщ псэ джаур, фыгъуэнрэ ижэным кърихуэкIыу; щыIэщ псэ гугъу, цIыхум ямыщIэ гуэр къимыхутамэ, мыжеифу... Бэчмырзэ Iутар псэ инатт, щIэныгъэ лъыхъуэнымрэ захуагъэм щIэбэнынымрэ зэрахуэу.

Пэжщ, ПащIэр Бытырбыху щеджакъым, Мысырым кIуэуэ аль-Азхъари къиухакъым. Дэнэ абы зыщигъэсар хьэрыпыбзэкIэ къеджэу, тхэуэ? Дэнэ къыздрихар астрономием хищIыкIыу щытар; геометриемрэ арифметикэмрэ щыгъуазэ зэрыхъуар дауэ? Абы жэуап иIэн хуейщ. XIX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм къэбэрдей мыдрисэхэр методыщIэкIэ егъэджэным хуэкIуэу щIадзэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, къурIэнымрэ хьэрыпыбзэмрэ нэмыщI, географие, арифметикэ, геометрие, астрономие, нэгъуэщI щIэныгъэ гуэрхэми сохъустэхэр щыгъуазэ ящIыну хуожьэ. Бэчмырзи и щIэныгъэ тIэкIур апхуэдэ мыдрисэм къыщIихащ; сохъустэуэ щымытами, езыр-езыру нэгъуэщI Iэмал гуэркIэ къыщIихащ; армыхъумэ нэгъуэщI хэкIыпIэ иIакъым. Пэжщ, мыдрисэм щеджа псори хьэлим хъуртэкъым - хэт молэуэ къыщIидзырт, хэт щIэныгъэ ныкъуэу щIэкIыжырт, хэти Фэнзий Мэжид, Елбэд Хьэсэн, ШэкIыхьэщIэ Пщыкъан, Дым Iэдэм, Куп Исмел сымэ хуэдэу, узэщIакIуэ - щIэныгъэ бэнакIуэ хъурт. ПащIэр апхуэдэ лъагапIэхэм нэджысыну Iэмал имыIами, щIэныгъэ бампIэр и псэм хэлъти, дунейм и щэхухэр къиихутэну хущIэкъурт - арыншамэ, а усыгъэхэр зэритхыу щыта алфавитри зэхилъхьэфынтэкъым.

Ауэ щыхъукIэ, Бэчмырзэ щIэныгъэншэщ щыжаIэкIэ, ар пэжкъым. Гъаблэгу зыщтам ещхьу, щIэныгъэм хуэпабгъэ Бэчмырзэ мы дунеишхуэм зэреплъу щытар къэхутакIуэнэкIэт.

Тепщэгъуэмрэ тхакIуэхэмрэ

Бэчмырзэ IуэрыIуатэм и макъамэмрэ джэгуакIуэм и хуитыныгъэмрэ къиубыдри, пасэм пщыхэмрэ уэркъхэмри, совет зэманым унафэщIхэмрэ тепщэгъуэм и гукъыдэжхэмри къахуэгъэшакъым, сыт щыгъуи щхьэхуиту гупсысэу щытащ. Къалмыкъымрэ абы и блыгущIэт Звонцовымрэ къелIэлIащ ХьэхъупащIэ Амырхъан, Къэжэр Индрис, Сыжажэ Къылъшыкъуэ сымэ хуэдэу. Адыгей обкомым и жьауэ щIигъэуващ Теучэж Цыгъу, Дагъыстэн обкомым - Стальский Сулеймэн, Къэзахъ ЦК-м - Джабаев Джамбул, н. къ. АрщхьэкIэ ПащIэ Бэчмырзэ зыми къыхуэгъэшакъым. Къалэм фэтэр хъарзынэ къыщратати, къаIихын идакъым. Прокурор гуимэм ису ар Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщрашэкIырт, лъэпкъым хъугъуэфIыгъуэу къехъулIахэр, ухуэныгъэхэр ирагъэлъагъуу, Джылахъстэней (Малэ-Къэбэрдей) каналыр, гъуэгухэр, Бахъсэн электростанцыр, пединститутым и унэшхуэр, нэгъуэщIхэри. Бэчмырзэ ахэр игу дыхьащ, ауэ Къалмыкъым теухуауи хабзэхъумэ IуэхущIапIэм (ОГПУ) хуэгъэзауи и гупсысэр ихъуэжакъым, арэзыи хъуакъым Сталинри Къалмыкъ БетIали уэрэдкIэ игъэлъэпIэну.

Ауэ ПащIэ Бэчмырзэ дунейм ехыжа нэужь (1936 гъэм) Iэмал бзаджэ къагупсысащ абы и усэр «зэгъэпэщыжынымкIэ». Къалмыкъ БетIал цIыху зыбжанэм къалэн ящищIащ абы и усэхэр большевик дуней тетыкIэм техуэу зэрахъуэкIыну. Зы Iуэхуу, ПащIэм и усэ сатырыр иныкъуэхэм деж сатыритIу зэпаудащ, языныкъуэхэм деж етIуанэ сатырыр щимыгъуси къохъу, япэ итыр нэмыгъэсауэ къанэу. «Молэ», «Бэчмырзэ фыз къызэришар», «Ленин и лIыгъэр хуэдэщ тенджызым», «Псалъэ пэжхэр», н. къ. усэхэр абыхэм ящыщщ. Совет зэманым теухуа усэхэр большевикыфэ бзаджэ ящIащ, совет гупсысэкIэр хэпхъауэ: апхуэдэщ «Колхоз», «Дэ датекIуащ», «Бахъсэн», нэгъуэщIхэри.

КъедбжэкIа усэхэр зыхэмыIэбахэм зэребгъапщэу, гу лъыботэ ахэр зэрызэIащIам. Езым зэритхауэ къэнар мащIэ дыдэщ. Щапхъэм щхьэкIэ, зэи къытрамыдзауэ зы усэ кIэщI къэсхьынщ Старэ Шэрэдж дэс Меер Салтихь, 1903 гъэм къалъхуам, 1974 гъэм сигъэтхыжауэ:

У-Ленин Iущмэ, жэщми гупсысэ,
Дыгъэр къыщепскIи умыуфIыцI.
Сталину гупыр зыбгъэдумышэ,
Дызыхуашэнури сыткIэ къэпщIэн?
Къалмыкъхэ я къуэжьыр мы ди псэм къощэ,
Фонащэ мыхъукIэ зыдегъэгъэнщI.
ЗанщIэр уи гъуэгумэ, уи гуп сыхэшэ,
Гъуэгум сытепшмэ, зыкъыумыгъазэ.
Чэбэм зыгъаззэми уапэмыув,
Мо лей къэзывхэми думыгъэдаIуэ.

Мыпхуэдэ сатырхэр зытхам и гупсысэкIэкIи, и дуней тетыкIэкIи Сталини, колхозми пшыналъэ яхуиусыну, пщым е молэм ауан хузэхилъхьэну хьэмэрэ Жэпуэгъуэ революцэм «гъащIэщIэ» фIищыну дзыхьщIыгъуэджэщ. Абы и гупсысэр IупщIт, цIыхум ялъигъэIэсыну зыхуейр къыгурыIуэжу. «Си дыщэ пхъуантэр» къызэIусхыну фыкъыздэIэпыкъу жиIэурэ тхылъ тедзапIэм кIуэрт, езым зэкIэриIулIэжа пхъуантэм и гугъу ищIу. Бондарин Сергей хуитхырт абы: «Сэ илъэс 54-рэ хъуауэ сотхэ. Ленинми, Къэбэрдейми, Японми ятеухуауэ стхащ, ауэ си тхыгъэхэр мэмэх, си гуращэ нэхъ иныр ахэр тедзауэ цIыхум я пащхьэ исхьэнрат».

НАЛО Заур,
КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ.

Уэ узимыгъуэсэу дауэ сыкIуэн?

АЛЪЭХЪЭНЭМ Алий зи ужь итыр ПащIэ Бэчмырзэт, абы итхар зэхуихьэсыжу тхылъу къыдигъэкIыну. Бэчмырзэ дунейм зэрехыжрэ илъэситI фIэкIа мыхъуами, итхар здэщыIэр ящIэртэкъым. Алий дэрэ дызэгуроIуэ Нартан дыкIуэу абы и унэм дыщылъыхъуэну: хэт ищIэрэ, зыгуэр къытпэщIэхуэнкIи мэхъу.

Пщэдджыжьым мафIэгукIэ дох, пщыхьэщхьэм мафIэгукIэ къэдгъэзэжыну. Я пщIантIэм дыщыдыхьэм, хьэжь цIыкIу дэлъыр къытпэуващ. Хьэ банэ макъыр щызэхихым, цIыхубз щIалэ къыщIэкIри, «Шарик», «Шарик» жиIэурэ хьэр Iуихури дригъэблэгъащ, дыщIэкIуар щыжетIэм, зы пщэфIапIэрэ зы пэшрэ хъу унэм дыщIишэри зиплъыхьащ:

- Мис, щIэлъыр фолъагъу. Дылъыхъуэнщ жыфIэмэ, фылъыхъуэ. Алыхь, сэ абы къыщIэнауэ тхылъымпIэ тхьэмпэ сымылъэгъуа, - жиIэри.

Алий унэм къыщIэзнэри сэ сыкъыщIэкIыжащ, унэ шындэбзиймкIэ мащэ куу иIэу слъэгъуати. Мащэр инт, и бгъуагъкIи кIыхьагъкIи метр щырыщу зэпэплIимэщ, метрищ хуэдизи и куууагъыу, и лъэгум мэкъу IэщIэлъын хуэдэу илъщ, фыжри зэпкърыхуауэ упщIэ тIэкIуи телъыжу. А мащэм Бэчмырзэ гъэмахуэм деж илъу зэхэсхати, сфIэгъэщIэгъуэну арат. Тхьэм ещIэ, Тыркум щыкIуам апхуэдэ гуэр илъэгъуа: а лъэныкъуэмкIэ щыхабзэщ кумб куу ящIрэ тепIэнщIэлъын дэнэ къэна, шхыни псы зэфэни ирахьэхрэ гъэмахуэ хуабэр икIыху зэрыбинунэу илъу. Я нысэм зэрыжиIэмкIэ, а кумбым Бэчмырзэ жэщкIи илъащ гъэмахуэ бадзэуэгъуэм деж.

Унэм зыри къыщимыгъуэту Алий къыщIэкIыжри, унэм шындэбзий лъэныкъуэмкIэ пкIэлъей къегъэувэлIауэ къэтлъэгъуати, ЩоджэнцIыкIур пкIэунэми ихьащ, арщхьэкIэ зыри дымыгъуэту пщIантIэм дыкъыдэкIыжауэ лIыжь гуэрхэм дахуэзэри къыджаIащ: Бэчмырзэ и ныбжьэгъуу щытахэр модэ хъарбызхъумэу губгъуэм щыIэщи, фыкIуэрэ феупщIмэ, гукIэ ящIэ куэди, къывжаIэнщ. Дызыхуеиххэр арати, къуажэ хъарбыз хадэмкIэ дгъэзащ. ЛIыжьищ хуэдиз уэршэру зэхэст. ДыщIэкIуар къыщащIэм, Бэчмырзэ и дуней тетыкIаи и уси - куэдым щыгъуазэу къыщIэкIащ, «Бэчмырзэ фыз къызэришар» поэмэм нэгъунэ. Хъыбару дызрагъэдэIуам мыпхуэди хэтащ.

Къалмыкъыр къэкIуауэ, жи, къуажэ зэIущIэм къыщыпсалъэрт. Бэчмырзи абы жиIэм едаIуэрти, хьэщIэм нэхъ зытригъэчыныхьыр колхозым хыхьа пэтми, яхуэмылажьэрт.

- Я ныбэр узрэ, щхьэ мылажьэрэ? - жиIэу зэIущIэм хэтхэм Къалмыкъыр къащыщIэгубжьэм, Бэчмырзэ хуэшынакъым:

- Уэ уи щхьэ щыузкIэ, зи ныбэ узи щыIэнщ, - жиIэри. ЛIыжьым зытрижыIыхьыр модрейми къыгурыIуащ: БетIал зэрыщхьэфэкъум щхьэкIэ и пыIэр къыщхьэрикъуа защIэу къикIухьырти, нэхъеижу лIы пхъашэр къимыгъэгубжьу хъунт?

- Уэ Соловки иджыри къэс щхьэ уамыгъэкIуарэ? - жиIэу Бэчмырзэ дежкIэ къаплъэри къыщыхуилъым:

- Уэ узимыгъуэсэу дауэ сыкIуэн? - жиIэри лIыжьым пичат.

А лъэхъэнэм ар бгъэхъыбарыну шынагъуэт, езы Бэчмырзи къыхуамыгъэгъункIи хъунт. ЗэIущIэм иужькIэ куэд дэмыкIыу, лIыжьыр губгъуэм кIуати, вагъэмбэкъум дэлIыхьауэ къагъуэтыж. Езы Алий и псэр и дзапэм фIэлъу дунейм тетт, Истамбыл сызэрыщыIам щхьэкIэ си пщампIэр яубыдмэ, жиIэу. Къулыкъу щIагъуэ къыщIылъымысри арагъэнт.

ПщыIэм теса лIыжьхэм къапыпх хъунур къапытхыху, пщыхьэщхьэ мафIэгур блэкIри лъэсу дыкъэкIуэжащ, жэщыбгым дыкъэсыжу. Бэчмырзэ усэр тетрадь (дэфтэр) цIыкIум иритхэу щыта щхьэкIэ, Алий хьэрып алыфбиймкIэ тхам тыншу къеджэрти, зыкъомрэ елIалIэри, Бэчмырзэ и бзэм къеджэф зэрыхъуу тIури детIысылIащ: Алий къеджэмэ, сэ стхыуэ.

КIЫЩОКЪУЭ Алим.

Бэчмырзэ джэгум хэтщ.

«Мис си мандатыр!»

1930 гъэхэм, Ленинымрэ и цIэр зезыхьэ еджапIэ щыхьэру Налшык дэтам дыщыщIэсам щыгъуэ, адыгэбзэкIэ нэхъ IэзэIуэу тхэф щIалэгъуалэр съездхэм дашэу щытащ, къэпсалъэхэм жаIэр ттхын папщIэ.

СощIэж, а еджапIэм и залышхуэм цIыхубз съезд щекIуэкIырт. Дэ щIалэ гуп дыхъуу псэлъапIэм и лъабжьэм дыкъыщIэст, стIол кIыхьышхуэ дыбгъэдэсу, жаIэр зэрытлъэкIкIэ ттхыуэ.

Мис апхуэдэ зы махуэ гуэрым, бжэ щIыхьэпIэм деж зэрыгъэкIий макъ къыщыIуащ. Сэ сыкъыщылъэтри сыжащ абыкIэ. Сынэсмэ - ПащIэ Бэчмырзэ мылицэм еныкъуэкъуу щытт.

- СыщIэгъэхьэ, - жиIэрт ПащIэм.

- Мандат! Мандатыр сыгъэлъагъу, - кIийрт мылицэри.

- Мис си мандатыр! - жиIэщ Бэчмырзи, чым къыхэщIыкIа кIарзинкIэ хужь цIыкIур ишиящ. - Мис, къеплъ! Адыгэм ди нэмысымрэ ди хабзэмрэ мыбы илъщ. СыщIэгъэхьэ!

- Армэ, къыщIыхьэ-тIэ, - жиIэщ мылицэми текIуэтащ, Бэчмырзэ гъуэгу къриту...

Мис абдежщ сэ ар япэ къыщысцIыхуар.

Бэчмырзэ лIыжь псыгъуэт. И жьакIэр «хьэрхьуп жьакIэ» жыхуаIэм хуэдэу щIэщат. ЖьакIэпэ хужьт. АдыгэлI дыдэу нэкIу папцIэт, езыр хуэкъэшыргъэпэт. Мыин дыдэу щыт и нэ гъуабжитIыр тIэкIу мащIэу щIиукъуанцIэу, губзыгъэрыплъэу зэщIэхъуэпсыкIырт. Ауэ зэманым зэригъэужьыхари къуигъащIэу, ешаифэу жыжьэу нэжьгъым къыщIэплъырт, хужь хъуа и набдзэ кIыр къурашэу теупIам нэхъыжьыфэ къытрагъауэу. ПащIэ Бэчмырзэ щыгът урыс интеллигентхэм зэрахьэу щыта бэлъто фIыцIэ кIыхь, и пщампIэм къэдабэ фIыцIэ тебзэжауэ, «бдзантхьэ къатыр» жыхуаIэм хуэдэ кIэлош кууитI лъыгът, пэ папцIэрэ гуэншэрыкъыпэм хуэдэу къэгъэшыжауэ.

И Iэпкълъэпкъыр зэIухауэ щыттэкъым. ПлIэ Iузэт, и тхыр мащIэу къыдэкIат. ЩызекIуэкIэ лъэ псынщIэт. УвыIэгъуэ имыIэу, псоми гу лъитэну фIэфIу, и щхьэр адэкIэ-мыдэкIэ иридзэкIырт. Ауэ щыгупсысэм деж и щхьэр егъэзыхауэ, имыгъэхъейуэ щIым хэплъэрт, и усэ дэгъуэхэр щIыгум къыхиш фIэкIа умыщIэну.

Ар залым щыщIыхьам куэдым гу къылъатащ. Езыр зэмыплъэкIыщэу къакIуэри ди гъунэгъубзэу япэ дыдэ итIысхьащ. Щысащ ПащIэр куэдрэ, жаIэм едаIуэу, зэзэмызэхэ и щхьэр къиIэтрэ шэнтым зытриIэтыкIрэ цIыхубэм яхэплъэу. Абы щыгъуэ абы зишэщIырти и Iэпкълъэпкъ псор занщIабзэ хъужырт, куэдкIи нэхъ щIалафэ къытеуэрт.

ШОРТЭН Аскэрбий.

«Iуэхушхуэ фощIэ»

ДИ ХЭКУМ ит мыдрисэхэм а зэманым зэрыщрагъаджэу щыта хьэрып тхэкIэр жыджэру Бэчмырзэ зрегъащIэ икIи а тхэкIэ зригъэщIар къигъэсэбэпурэ, къэбэрдей алфавит езым еухуэ, ари и къуажэгъу куэдым ярегъащIэ.

ПащIэм и ныбжьэгъуу, и дэIэпыкъуэгъуу щыта, гурышхуэныгъэ зиIэ Чэлимэт Хьэжумар мыр къыжиIэжыгъащ: «Бэчмырзэ япэкIэ адыгэ зыры зы хуежьауэ щытат я народым алфавит хузэхалъхьэну. Ауэ абыхэм ящIар хъуауэ щытатэкъым. Псалъэм щхьэкIэ, «мафIэдзыр» а тхыгъэмкIэ «мафIэджу» фIэкIа ятх хъуртэкъым, «уэрамыр» - «хьурамут» зэратхыр. Абыхэм я алфавитым ди бзэр бзэмыIу ищIырт.

ПащIэм ейри нэсыпауэ, фIы дыдэу къэплъытэ хъунутэкъым, ауэ ар ди бзэм нэхъ хуэгъэпсат, нэхъ тэмэму уритхэ хъурт. Бэчмырзэ и тхэкIэр зэдгъэщIа нэужь, ди усакIуэшхуэм и усэхэм дыкъеджэф хъуащ».

ЕмыкIу тщIэм, щIалэхэр къыддэплъеинщ

Гъэмахуэ шылэт. Бэчмырзэрэ абы и гъунэгъу лIыжь гуэррэ губгъуэм къикIыжырт. Дыгъэм игъэгъущIа шэрхъым шинэр къыщIэхуащ. Бэчмырзэ щIидзащ ар зэригъэпэщыжу. Гуэдз жылэ къабзэ яшэу колхозник щIалитI зы гум ису къакIуэхэрт. Сэлам-чэлами кърамыхыу, дыдэIэпыкъун лъэпкъи къыжрамыIэу я гур дагъэхри, блэкIхэри ежьэжащ. Куэдыщэ дэмыкIыу ПащIэмрэ лIыжьымрэ а щIалитIым ялъэщIыхьэжащ. Я бжьы къутам еплъыжу щIалитIыр Бахъсэн псы Iуфэм Iутт.

Бэчмырзэ псым зэпрыкIщ, и гур къигъэувыIэщ, и бжьыр гум къытрихри, къихьри щIалитIым къаритащ. УкIытауэ щIалэхэм бжьыр Iахащ, беркэт-бесын къыжраIэри ежьэжахэщ, Бахъсэн районым щызэхэт колхоз гуэрым кIуэжу.

- Ар дауэ, - къэгубжьауэ жиIэрт Бэчмырзэ и гъусэ лIыжьым, - дэ ахэр къыддэмыIэпыкъуу, сэлам къудеи къыдамыхыу къыдблэкIхэри ежьэжащ. Ди бжьыр абыхэм щхьэ епта? Апхуэдэ хьэтыр а щIалэхэм яхуэфащэтэкъым. Дэ иджы дауэ дыкIуэжыну?

Бжьым и пIэкIэ бжэгъуитI гум иригъэзагъэри, лIыжьитIыр ежьэжащ, апщIондэхункIэ Бэчмырзэ и гъусэ лIыжьым зы жэуапи иритакъым. ТIэкIу якIуа нэужь, ПащIэм жиIащ:

- Дэ дызэрытыр дищIщ, а щIалэхэр - Бахъсэн районым щыщщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, ахэр хьэщIэщ. Ар зы. Ди гур нэщIщ, абыхэм ейр - хьэлъэщ. ХэкIуэтауэ дэ дынэсыжкIэ къэхъун щыIэкъым, ахэр гувэм - колхозым кIасэу и гуэдзыр исэнщ. Ар тIу. Ещанэу - дэ дылIыжьщ. Ди лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ тхъумэныр ди къалэнщ. Дэ емыкIу тщIэм, щIалэхэр дэ къыддэплъеинщ. Мис ахэращ бжьыр а щIалитIым щIестар.

Сыт фIыуэ фтхырэ?

Илъэгъуахэмрэ зэхихахэмрэ и гуапэ хъуауэ, шэджагъуэ нэужьым Бэчмырзэ редакцэм накIуэрт. Газетым и лэжьакIуэхэм сэлам гуапэ етхырт ди поэтым. Ар тIысырт шэнтым, и нэ жан мащIэу зэхуэшамкIэ къытхэплъэрти, гушыIэ хэлъу къыдэущиерт:

- Сыт фIыуэ фтхырэ си тхылъымпIэцIалэхэм?

Ди жэуапым пэмыплъэу абы жиIэрт:

- Фэ фщIэ Iуэхур зэрыIуэхушхуэр фщIэжрэ. Псалъэ пэж, акъылыфIэ псалъэр дыщэм нэхърэ нэхъ лъапIэщ, фочышэм нэхърэ нэхъ лъэщщ.

Бэчмырзэ жиIэрт:

- И IэфIхэмкIэ къэкIыгъэри псэущхьэри игъэшхэн щхьэкIэ, пшэм къритину уэшхым щIыр хуолIэ, абы ещхьу, цIыхури, езым зищIэжын щхьэкIэ, псэукIэр зищIысыр ищIэн щхьэкIэ - акъылыфIэ псалъэм хуолIэ. Ар зэвгъащIэ, фи лэжьыгъэри фIыуэ флъагъу.

ТЕУНЭ Хьэчим,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ.

Мащэ къэзытIыр мащэ йохуэж

КЪЫЛЫШБИЙ и къуэжьыр Къэбэрдейм и тету куэдрэ щытащ. Бзаджагъэ мащIэ ищIакъым абы. Къылышбий и къуэжьым Налшык къалапщэм лъэхъуэщ дригъэщIыхьат, мис а иджы хьэщIэщыр здэщытым деж.

Лъэхъуэщыр къызэIуихыну Къылышбий и къуэжьыр кIуащ абы. Хуабжьу гуфIэу, зигъэпагэу мывэм къыхэщIыкIа лъэхъуэщыр къиплъыхьащ, емыплъу зыри къигъэнакъым: гъущI куэбжэ тIуащIэхэр Iуих-хуищIыжу щIэтащ, «одиночкэхэм» щIэплъащ, щхьэгъубжэхэм хэлъ гъущI хъархэм теIэбащ. Лъэхъуэщыр икъусыкъужкIэ игу ирихьауэ Къылышбий и къуэжьыр Iутт лъэхъуэщ бжэIупэм.

Плъэри, ПащIэ Бэчмырзэ блэкIыу илъэгъуащ. Щилъагъум, абы зыхуигъэщIэгъуэн папщIэ:

- Бэчмырзэ, мыдэ къакIуэт, - жиIэри еджащ.

ПащIэмрэ Къылышбиймрэ зэкъуажэгъут, зэрыцIыхурти, Бэчмырзэ бгъэдыхьащ абы.

- Плъагъурэ, Бэчмырзэ, - жиIащ Къылышбий и къуэжьым, - мывэ сэрей жыхуаIэм хуэдэ фхуезгъэщIащ. Тхьэ пхуэсIуэнщ, мыбы ихуэр къимыкIыжыфынкIэ.

Бэчмырзэ еплъщ-еплъщ Къылышбий и къуэжьми жиIащ:

- Дэгъуэу ебгъэщIащ, Тхьэр арэзы къыпхухъу...

Къылышбий и къуэжьыр гуфIащэри, Бэчмырзэ и Iэр быдэу къикъузащ:

- Жьыщхьэ махуэ ухъу, Бэчмырзэ. СщIат уэ ар уи гуапэ зэрыхъунур. УлIыIущщ уэ!

АрщхьэкIэ, Бэчмырзэ, тетыжьым и Iэр имыутIыпщу, адэкIэ къыщIигъуащ:

- Фэ къомым фи гъэтIысыгъуэр къэсмэ, фыздэтхьын диIэнутэкъыми дыгузавэрт, дэгъуэу ебгъэщIащ.

Ар жиIэри тетыжьым и Iэри Iуидзри IуигъэзыкIыжащ. Лъэбакъуищ нэхъыбэ имычауэ кIэщIу къигъазэри:

- Мащэ къэзытIыр мащэм йохуэж! - жиIэри къриутIыпщащ Къылышбий и къуэжьым.

КЪУМЫКЪУ Мылу.

Уи усэр цIыхубэм иджы зэIэпах,

ПащIэ Бэчмырзэрэ куржы академик Джанашиарэ.

Къылышбийхьэблэ сыщохьэщIэ

НОБЭ Нартан - Къылышбийхьэблэ сыщыIащ. ЛIыжь гуэрым сыдолажьэ: ПащIэхэ Бэчмырзэ Машэ и къуэщ, илъэс 72-рэ мэхъу. Абы къуиплIрэ пхъуитхурэ иIэщ. НэхъыщIэр илъэс 15 мэхъу. Ар Нартан къыщалъхуауэ къыдэмыкIыу мэпсэу. Къуажэ сельсоветым къритауэ абы тхылъ иIэщ абы зэрыщыщымрэ и щхьэгъусэм зэрыбгъэдэкIыжамрэ щыхьэт техъуэу. Ар мэкъумэшыщIэщ, зы еджапIи зы мыдрисэи щеджакъым (езым хьэрып тхыбзэмрэ урыс тхыбзэмрэ зригъэщIэжащ. УрысыбзэкIэ апхуэдэ дыдэу фIыуэ тхэркъым, и псэлъэкIэр нэхъ махэжщ), мылъку иIэкъым. Къамбийхэ кърататауэ тхылъ иIыгъщ, хъыбарыжьхэр, таурыхъхэр, Iэрытххэр, тхыдэ лэжьыгъэхэр зэрызэхуихьэсымкIэ икIи абыкIэ зыкъыщIэзыгъэкъуэн къызэрилъыхъуэмкIэ. Бэчмырзэ езым Iэлыфбей зэхилъхьэжащ, хьэрып хьэрфхэр къигъэсэбэпурэ. А Iуэхум ар илъэс плIыщI зэрыхъурэ пэрытщ. «Сохъустэхэм (мыдрисэ еджакIуэхэм) мы сэ къэзгупсыса хьэрфхэр яIэкъым», - жеIэ Бэчмырзэ.

Дадэм и Iэр етхьэщI, сэ сыщытщ. Ар къызоплъри ифIэщу мэгуфIэ: «Адыгэщ, адыгэ дыдэщ, - жи. - Е мыбы къанэ, е сэ сыздэшэ». И Iэхэр пщэм иредзэри: мис, кIапсэ си пщэм къищIи сылъэф уи гъусэу жыхуиIэщ. ИтIанэ гукIэ усэ абрагъуэ къызжеIэ, империе зауэри, революцэри, граждан зауэри къыхэщу. Мы лIыжьыр егъэлеяуэ цIыху гъэщIэгъуэнщ. Абы и гугъу иджыри Налшык къыщысхуащIащ. Нартан сыщIэкIуари нэхъыбэу абы сыхуэзэн паппщIэщ. Ар къуажэ щIыбым, щIыунэм щопсэу, зы къуэ гуэрым и жьэгъум. ЩIыунэр цIыкIу дыдэщ, къуэгъэнапIэм пIэ къуэтщ, абы уэншэку илъщ, щIакIуэ теубгъуауэ, щхьэнтэ; зытрипхъуэр джэдыгурауэ фэ тетщ. Адрей къуэгъэнапIэм гъуаплъэ хьэку къуэтщ. Шакъалъищ, къалэмрэ къэрэндащу зыкъом хьэкущхьэм телъу си нэ техуащ. ЕплIанэ шакъалъэр хьэку кIуэцIым итт. ТелъхьэпIэм хьэрыпыбзэкIэ тхылъ зыбжанэ телъщ. Дыкъыщысам езыр щIэстэкъым (гъуэгу дыздытетым мэжджытым дыщIэплъащ, абы дин зэрихьэрти абы щIэсынкIи хъунут). Къашэну кIуахэщ. Гуапэ дыдэу къысIущIащ. ЗанщIэу и Iэрытххэм лъыхъуэн щIидзащ. Къызэрыщ IэкIамкIэ, ахэр дэни щегъэпщкIу: пIэ лъабжьэм, ашык щхьэхуэ гуэрым, уэншэку лъабжьэм, щхьэнтэ лъабжьэм, и гуфIакIэм. ТхылъымпIэхэр хъэтI зэмылIэужьыгъуэкIэ зэхэтхыхьащ, бжыгъэ куэд итщ, есэп гуэрхэр, гъэхэр. Псалъэм папщIэ, махуэ зэхуэмыдэхэм я секунд бжыгъэ зэтемыхуэхэр, илъэсхэр, и гъунэгъухэм ящыщу хэт дапщэщ дунейм ехыжами, къинэмыщIхэр. Езым и тхыгъэхэр хьэрып хьэрфкIэ тхащ. Сэ си деж сшэнут, ауэ срамыгъэдэзэкъауэ саутIыпщын ядакъым. Гу зэрылъыптэмкIэ, и къуэхэм язызхэз гъунэгъуу мэпсэу: занщIэу шхын пщтыр къахьащ (кхъуейлъалъэрэ дагъэкIэ гъэжьа джэдыкIэрэ), пIастэ щIыIэ, щIакхъуэ, аркъэ. Аркъэ тIэкIу семыфауэ дадэм сиутIыпщыжакъым. ИтIанэ хъарбыз дубзытащ. Тэрмэшыр къыздэIэпыкъуурэ дызэпсалъэрт. «Тхьэм уигъэпсэу» щыжысIэм, дадэм зимыубыдыжыххэу игу зэрыхэхъуэр къигъэлъэгъуащ. «Адыгэщ, адыгэщ», - жиIэрт сэр щхьэкIэ.

Нартан къуажэ дахэщхуэщ: зэрыщыту хадэхэм хоткIухь. КъуажэдэсхэР егъэлеяуэ къабзэу мэпсэу, я бжыхьхэр набжэу екIуэкI защIэщ, уэрамхэр зэвщ, нашэкъашэщ, къэкIыгъэхэр щыкуэдщ. Жылэр Налшык псыежэхым и Iуфэм Iусщ, абы хашри къуажэм псыIэрышэхэр яшащ. Си бысым гуащэр (сезыгъэблэгъа тхылъ хъумапIэм и тет, хамэ къуажэ щыщ Тубэчыр абы деж фэтэру щIэсщ), цIыхубз щхьэзакъуэщ, фызабэщ. Сэ гуапэ дыдэу къысIущIащ. Тубэчыр къэтыху, «сымызэшын папщIэ» и хадэр сигъэлъэгъуащ, пхъэщхьэмыщхьэхэр къысхупичащ. Унэм дыкъэкIуэжа нэужь, кхъуейжьапхъэ сигъэшхащ. Дышхэн и пэкIэ сыт щыгъуи ди Iэхэр дагъэтхьэщI. Пщыхьэщхьэм - кхъуей, шэ, пIастэ. Пщыхьэщхьэшхэ нэужьым бысым гуащэм (зыкъомрэ делъэIуа нэужь ди гъусэу нотIыс) пшынэ къищтэри тхуеуащ.

ДЖАНАШИА Симон, *куржы профессор.*

ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Алий

Уи кхъащхьэм

ПащIэ Бэчмырзэ деж

Псы тезыкIахэм яхуэункIыфIакъым
Гукъеуэ хъуаскIэм къыхиха бзийхэр,
Хъарзынэ пхъуантэм и зэIухыныр
Паубыдыфакъым уи бынхэм.

Гуауэу, нэщхъейуэ кхъащхьэм и сыным
Щхьэгъэщхъ зыхуэсщIурэ си Iэр дызолъэ,
Философ псалъэхэу къытхуэбгъэнахэр
Хэкум и бынхэм къыдоджэ.

Пэжым езауэхэр уэ пхуэдэ цIыхухэм
Зэман зыбжанэкIэ ириджэгуащ,
ЦIыхугъэм папщIэ гукъеуэ ящIхэр
ЯгъэкIуэдыным хуэтIащ.

Ауэ лэжьыгъэу къызэбнэкIахэр
Сэ Iуащхьэмахуэ пхутеслъхьэжынщ,
Пшэр пэмылъэщу Къэбэрдей тафэм
Ар щагъэлъагъуэу телъынщ.

Къэбэрдейм щыщу уэрщ япэ дыдэу
Ленин уэрэдкIэ ныхуэгуфIар,
КъуэфIу народым щIэтэджа псохэм
Парт иным хъуэхъукIэ япэ хуэтхар.

Умыеджагъэшхуэу цIыху хуитыныгъэр
КъэзыIэтахэм псэкIэ уекIуащ,
ЛэжьакIуэ куэдым я лъыр изыфу
Россий паштыхьым уеуащ.

Уи дыщэ пхъуантэр къэстIэщIыжыну,
Си дадэ дыщэ, узогъэгугъэ,
ЦIыхум гугъэфIу уэ ухуиIахэр
Сэ пхуестыжынкIи бжызоIэ.

КIУАЩ БетIал

* * *

Бэчмырзэ пащIэбгъуэ, народым и къан,
Уи пшынэр бзэрабзэу къыдокIыр
Нартан.

Бийм псалъэ хуэбгъазэм,
зыкъетыр, мэдий,
УщийкIэ уззэтэм ухуохъур шагъдий.

Уи усэр цIыхубэм иджы зэIэпах,
Народым уи макъыр, укъэтми, зэхех.

Бэчмырзэ пащIэбгъуэ, народым и къан,
ЩIыхь хуещIыр уи лъахэм уи лъхупIэ
Нартан.

ХЬЭIУПЭ ДжэбрэIил

УситI, си адэшхуэ ПащIэ Бэчмырзэ и фэеплъу

* * *

Щагъэсым «Дыщэ пхъуантэр» - уафэр гызт,
КъатибгъукIэ зэIэбэкIти, уи псэм лъыхъуэрт,
Къэпхъуэпса псор иджы мо хьэршым изщ!
Зэм пшагъуэу, гъуэзу къыдохьэж Жэмжыкъуэ.
Псэ къабзэ зиIэм лъэпкъыр хуэмысакъ!
Хунагъэсакъым Алий и тхьэрыIуэм...
ЗэIуха и гур хашэу емысат!
ЩIэхъуэпсти, уафэм зыхуишийт тхьэрыкъуэу.

Бещтокъуэм нобэ жылэ хухэфсар
Сатыр зырызу хьэршым хеухуанэ,
Анэдэлъхубзэм фэ къыхуэфхъуэпсар
Псэм къабзэу щезыр, мазэр и кхъузанэу.

* * *

Сядэшхуэм Iущащэу къикIухьырт,
Хьэрш гъуэгур щIыунэм щиубзыхут,
Iумахуэт, акъужьу гум дыхьэ
И псалъэм салъкъыныр къыхихут.

Гупсэхуу псы фалъэ ефамэ,
Фэрныплъу и щIыфэр дэтхытхт.
Дыхьэшхым е мащIэу гуфIамэ,
И нитIым псэ хъуахуэ къыщIихт.

Зэхихт къиIущэщыр щиху щхьэкIэм,
АмкIыщу пэджэжырт дунейм.
Уэрэдым гыз макъыу къыщыпкIым
И хъуаскIэм дэпщIыпщIт алыфбейр...

Беящ Къэбэрдейр сыт ищIыскIи!
Иджы къэнэжам езгъэу псэр
Жэщ-махуэ къэсыхукIэ къыщIэскIэм
Уэзджыну поджэж сIурылъ бзэр.

ПащIэ Бэчмырзэ.
Сурэтыр зыщIар **Жылэ Анатолэщ**

Шабэ нэхърэ - жьабэ

АДЫГЭ хъыбарым зэрыжиIэжымкIэ, Алыхьым фарз къыпхуищI уи уахътитхур пщIыркъым, жари щхьэусыгъуэ ящIри, зы джэгуакIуэ гуэрым и жэмыр фIатхьэкъуат.

И жэмыр трахыну унафэ зыщIа пщы-уэркъхэм я деж джэгуакIуэр кIуэри хьэщIэщым щIыхьащ. ЩIыхьэри, зэрихабзэу, и гушыIэ-ауаным щIидзащ.

ЖьантIэм дэсым и макъ зригъэIэту жиIащ:

- Хэт и къэкIухьлъакъуэ мыбы къыщIыхьэми, абы жиIэр хуэфщIэмэ, адыгэ хабзэр кIуэдыжакъэ, къыфщышынэни къыфщыукIытэни вгъуэтыжкъым.

ЗимыIэжьэу занщIэу джэгуакIуэм жэуап итыжащ:

- Хэт а плIанэпэм къыдэкъугъыкIыр? Уэрмырауэ пIэрэ тутыным хьэ быдзу ныщIэфыр? Уэрмырауэ пIэрэ Тхьэр зи фIэщ мыхъужу диныншэу къэнар? Уэрмырауэ пIэрэ къубгъан нэщI зыIыгъыу шындэбзиймкIэ екIуэкIыр? Уэрмырауэ пIэрэ щIопщкIэ гъуэгум щытраубэрэжьыхьар? Уэрмырауэ пIэрэ Алыхьым и нейр зыщыхуар?

Ар щызэхихым, плIанэпэм дэсыр хуэмышэчыжу къэтэджащ: «Алыхьым хьэтыр иIэмэ, мыбы и жэмыр ефтыжи, и жьэр зэщIевгъакъуэ».

Мы хъыбарыр зытражыIыхьа джэгуакIуэр, дэ зэрыхуэдгъэфащэмкIэ, ПащIэ Бэчмырзэщ.

Адыгэм ауэ сытми жиIакъым: «Жьабэ нэхърэ шабэ нэхъ шэрыуэщ, шабэ нэхърэ жьабэ нэхъ губзыгъэщ»,- жиIэу. Мы псалъэжьым къикIыр, дэ къызэрыдгурыIуамкIэ, узытеплъар къебгъэпсыхыфу шэрыуэ ухъун папщIэ, псалъэкъым узыхуейр - атIэ нэщанэ уеуэу зэрызебгъэсэн, шэ куэду уиIэн зэрыхуейрщ. Ауэ сыт хуэдизкIэ лъэщу цIыхур мышэрыуэми, абы и Iущагъыр къэзыгъэлъагъуэр къыжьэдэкI псалъэрщ. ПащIэ Бэчмырзэ сыт щыгъуи шэрыуэт, и Iэщэри псалъэ Iущт. Абы и псалъэр апхуэдизкIэ лъэщти, ар дэнэ дежи щигъэувыфырт, вым и къарур и къарууэ. ЦIыхум, лъэпкъым яхуэгъэзауэ абы жиIэфырт:

УзэрымыгуIам папщIэ сыгуфIащ
УзэрымыгуфIам папщIэ сыгуIащ.

«Щамил» поэмэр

ПащIэ Бэчмырзэ къыпкърыкIащ поэмэ зыбжани, ауэ абыхэм ящыщ зыкъомым ди тхылъеджэхэр щыгъуазэкъым.

«ПащIэм иIэщ, - щитхыгъащ Максимов Павел «Къэбэрдей-Балъкъэрым и усакIуэхэр» тхыгъэм, - Щамил теухуауэ поэмэшхуэ. Областым и лэжьакIуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыр, ныбжьэгъу Уэдыхьыр, лъэпкъ искусствэмрэ литературэмрэ фIыуэ хэзыщIыкIыр, еджат а поэмэми, хуабжьу щытхъуащ».

Уэдыхь Iэбисал и къуэ Аслъэнбэч Коммунистическэ Университет Трудящихся Востока жыхуаIэу щыта еджапIэшхуэр къиухауэ а зэманым облисполкомым и тетым и къуэдзэу лажьэрт. ПащIэ Бэчмырзэ и поэмэ «Щамил» теухуауэ абы жиIа псалъэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ. Кавказ лъэпкъхэм я тхыдэм и нэхъ гуащIэгъуэ, и нэхъ дыдж лъэхъэнэм теухуауэ ПащIэ Бэчмырзэ и Iэдакъэ къыщIэкIа эпическэ произведенэм художественнэ и лъэныкъуэкIэ Iэзагъышхуэ зэрыхэлъыр, дунейпсо литературэм щыщыIэ произведенэшхуэхэм я нэхъыфIыIуэхэм зэрынехьэкъехуэр дэ къэтщIащ. Абы къыкIэлъыкIуэу, дауи, Уэдыхь Аслъэнбэч къызэджар езы ПащIэ Бэчмырзэ и Iэрытхырщ, е а Iэрытхыр абы щыгъуэм щыIа латин хьэрфкIэ машинкэкIэ традзэжа экземплярщ, армыхъумэ газетым, тхылъым зэи щытрадзакъым.

Нарт эпосым щыщу Сосрыкъуэрэ Ашэмэзрэ я пшыналъэхэр, адыгэ уэрэдыжьхэр, къебжэкIхэр Хэку зауэшхуэм теухуа IуэрыIуатэр, уэрэдхэр, гъыбзэхэр тхакIуэ Шортэн Аскэрбий зэхуихьэсыжауэ, зэригъэзэхуэжауэ иту тхылъ 1948 гъэм Къэбэрдей щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым къыдигъэкIауэ щытащ. Мы тхылъым зи цIэ къыщраIуэ псоми усакIуэу яхэтыр, дэ зэрытщIэмкIэ, Хьэхъупащ Iэ Iэмырхъан и закъуэщ. Абы Щамил теухуауэ итхаIауэ дыщыгъуазэкъым. Абы къимыдэкIэ, хэт сыт къиIуэтэжами мы тхылъым къыщыхэбелджылыкIакъым. Абы къыхэкIкIэ «Щэмел» зи псалъащхьэу мыбы итыр къэзыIуэтэжар тщIэркъым. Ауэ, дэ зэрыхуэдгъэфащэмкIэ, мыр ПащIэ Бэчмырзэ итха «Щамил» поэмэм щыщ Iыхьэщ:

И щхьэм топыр щогъуахъуэ,
И лъабжьэм сабийр щогъуэг.
Бейдэшхуэр зыхуэзэрашэ
НэпцIэ и къуэр хьэдэу къашэжт.
НэпцIэ и къуэр зытес тхъуэжьейр
Зэуэным ныхуагъэсат,
Къэзэуатым ныхуагъэпсыгъуэт.
Фызауэркъэ, зи уз кIуэдынхэ!
Щэмелу дыщэ,
Дыщэр зи шхуэмылакIэ,
Данагъуэр зи пащIэкIитI,
Данэху хьэжыкIэр
Нобэм мэбыб,
Бэрэбанауэр нобэм,
Уей, гущэ, хагъащIэ,
Фызауэркъэ, зи уз кIуэдынхэ!
Урыс гущэм, дубэр,
Уей, маржэ, негъэбзэрабзэ,
Нэтэджмэ, джатэ гъэбзейт.
Цей джэгушхуэр зэрыкIэщакъуэ,
ЛIы и къуэр нобэ мэзауэ!
Бэгъурдакъым къыщрегъащтэ,
Дзапэ башым нобэ щIокIыж,
Фызауэркъэ, дагъыстэн щауэ!
Уей арыкъыжьым сынихьэмэ,
Санэхур пхуэзгъэбзэнт,
Джатэбгъуэри пхуэзгъэбзеинт.
Уей, фызауэркъэ, зи уз кIуэдынхэ!

Мы пычыгъуэм нэмыщIкIэ адыгэ уэрэдыжьхэр иту ди тхылъ тедзапIэм Къардэнгъущ1 Зырамыку къыщыдигъэкIами ихуащ мы уэрэдыр. Ари мыбы и вариантщ, и хуэмэбжьымэщ. Ауэ мыр сатыриплIкIэ нэхъыбэщ. ПычыгъуитIыми къыхощ Щамил (тхылъым зэритыр Щамелущ) и теплъэ-сурэтыр. Япэм деж Щамил «дыщэщ», етIуанэм - «лIы хахуэщ» жи:

Дыщэр зи шхуэмылакIэ,
Данагъуэр зи пащIэкIитI.

ПычыгъуитIыми лIыгъэ яхэлъу зэуэну къыхуреджэ, къэзэуатыр деIыгъ:

Щамилурэ ди дыщэ жьакIэ,
Си адэжь и жьакIэм пыбгъахъуэщ,
Си анэжь и хъуэным хэбгъэщIщ,

жери усакIуэр етIуанэ пычыгъуэм щыщотхъу Щамил.

ЩыIащ лъэхъэнэ нехьэкI-къехьэкI хэмылъу Урыс-Кавказ зауэм теухуауэ пэжыр яIуатэ хъуэ щыщыта. ЩыIащ лъэхъэни а темэр пхъуантэ фIыцIэжьым дэлъу IункIыбзэетакIэ щахъума.

КIУРАШЫН БетIал.

Захуэр щIахъумэри, хьэхур къаIэт

НАЛШЫК бэзэрым къикIыжу Елмырзэ лIыжьыр выгу исху къэкIуэжырт. «Нэмыцэ колонкэм» (иджы Александровкэ жаIэу Налшык къыпыт хьэблэрщ) къэсауэ нэмыцэ щIалиплI зэрегъэфауэ гъуэгум къыщыхуэзэри, выгур къагъэувыIащ. Чэф зиIэ щIалэхэр къыжьэхэкIиеу хуежьащ мо лIыжьым: «Тутын къыдэт, щIакхъуэ къыдэт», - жаIэу. Елмырзэ дадэр къэгубжьри: «ФыIукI, фэр щхьэкIэ тутыни щIакхъуи къэсщэхуауэ сIыгъкъым», - жиIэу витIым щахэуэм, выпэм деж щыт зы щIалэр игъэлъэпэрэпащ. Абы щхьэкIэ щIалэхэр зэрыгъэгубжьщ, лIыжьыр выгум кърalъэфри яубэрэжьу щIадзащ. А сыхьэтым ирихьэлIэу зы лIыжь гуэр и гъусэу Бэчмырзэ шууэ къалэм къикIыжырт. Мо зэхэуэхэр Бэчмырзэ щилъагъум: «Мыр сыт, мы яубэрэжьыр, накIуэт псынщIэу», - щыжиIэм, лIыжьыр къэлъэIуащ: «КхъыIэ, Бэчмырзэ, уи мыIуэху зумыхуэ, я гугъу умыщI, уахэмыхьэ!» АрщхьэкIэ, а псалъэхэм емыдаIуэу, псынщIэу илъри шым зэрытесу гуэнтебзэ башыр къытриудри яхэуэу щIидзащ. Шы лъабжьэрэ башкIэ нэмыцэ щIалэхэр зэбгрихури лIыжьыр къаIэщIигъэкIащ. Махуэ зытIущ нэхъ дэмыкIыу Елмырзэ Бэчмырзэ и деж къакIуэри хуабжьу къехъуэхъуащ икIи я деж ишэну къелъэIуащ: «НакIуэ, Бэчмырзэ, джэд пхуэзукIынщи зэдэтшхынщ», - щыжиIэм Бэчмырзэ идакъым. «Берычэт бесын, - жиIащ, - сэ Елмырзэ джэд схуиукIынщ жысIэу аракъым уакъыщIыIэщIэзгъэкIыжар, атIэ, дэ дызэкъуэмытмэ, дызэкIуэцIапхэнщи къыттетIысхьэжынщ. Аращ, ар схуэшэчынукъым, сэ дэнэ къэна, дэтхэнэ зыми, сэ сыцIыхущ жызыIэм, ишэчын хуейкъым ар... Уи джэдыр сабийхэм егъэшх».

Шылъэр Тыркум нехус

Си адэ къуэш гуэр Тыркум къикIыжати, ар щыкIуэжым ПащIэ Бэчмырзэ абы жриIэгъат:

- Сэ си шылъэр абы нэсхусынщ.

Арати, узышхуэ къыщыхъуа гъэм и пэм зы илъэскIэ къихуэу, Бэчмырзэ тридзэри Тыркум кIуащ. Ар зэрыкIуэн мылъкуи абы иIэтэкъым, ауэ а зэманым Къэбэрдейм щызэрахьэ лейм ар иризэгуэпырт.

Тыркум щыIэ адыгэхэм хэти «ФыкъакIуэ» жиIэу, языныкъуэхэм - «ФыкъэмыкIуэ» - жаIэу къатхырт. А зэманым куэдым я мурадт Истамбыл кIуэну.

Апхуэдэу щыхъум: «Уэлэхьи, абы и пэжыпIэр сэ зэхэзгъэкIынмэ», - жиIэри, Бэчмырзэ Iуэхум яужь ихьащ.

А зэманым паспорт къеIыхыныр куэду гугъут. Ныбгъуэ къиубыдурэ тетхэм яритырт Бэчмырзэ. Апхуэдэурэ IупэфIэгъу къищIщ ахэри, сытми, паспортыр зыIэригъэхьащ. ИтIанэ абы жиIащ:

- Ныбгъуэм и къарур нэхъ лъэщащ, тетым и къарум нэхърэ, - жиIэри.

Ар жиIэри ежьащ.

Бэчмырзэ Тыркум куэдрэ щыIакъым: абы Iуэхур зэрыщытыр щызригъащIэри кIэщIу къигъазэри къэкIуэжащ, тхылъышхуэ иIыгъыу. А тхылъым Тыркум щыIэ адыгэхэм ящыщхэм я Iэ телъу арат. Тыркум укIуэ зэрымыхъунур, ар зэрыунэхъугъуэр къатхырт абыхэм. «Сэ жысIэжыр цIыхухэм я фIэщ хъункъым, мыбы Iуэхур зэрыщыщытымкIэ Iэ тевдзауэ тхылъ къызэфт», - яжриIэри къаIихат а тхылъыр хэкум икIа адыгэхэм.

Арати, Бэчмырзэ гъатхэм Тыркум кIуэри бжьыхьэм, октябрь мазэм, 1901 гъэм къэкIуэжащ. А илъэсыр сэ щIэсщIэжыр мыращ. Тало узыфэр щыетар 1902 гъэращ, абы и пэ къихуэ илъэсым ар щыкIуакIэ, 1901 гъэм тохуэ.

Бэчмырзэ къихьа тхылъым и хъыбар псоми щызэхахым, Тыркум кIуэныр нэхъ мащIэ хъуащ, ауэрэ щагъэтыпащ. Тыркум щыIэ псэукIэр Бэчмырзэ игу ирихьакъым. Ар цIыхухэм ягуригъэIуа нэужь я фIэщ хъуащ.

Истамбыл щыкIуам ПащIэ Бэчмырзэ иусыгъащ Истамбыл жыхуиIэ усэр.

ЧЭЛИМЭТ Хьэжумар.

Бэчмырзэ и усэкIэр

АЛИХЪАН тхьэмыщкIэр Адыгэунэхэ яукIыу къашэжа нэужь, тобэ ирехъу, ди къуажэр тхьэмахуэ псокIэ зэхэтауэ къыщIэкIынщ ар ягъеижу. Иджы тэмэму сщIэжыркъым хэт ар япэ къыхидзами, ауэ зыкъомым жаIащ Алихъан уэрэд хуэфащэу.

- Хэт зэхедгъэлъхьэн? - щыжаIэм, ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр кърaIуащ. ЛIитI ягъакIуэри Бэчмырзэ къашащ. Иджыпсту хуэдэу сощIэж, ПащIэр къэсри дыуэщIым яхыхьэри куэдрэ яхэсащ, Iуэхур къызэрекIуэкIам, зэрыхъуам щIэупщIэурэ. Махуэ псор апхуэдэу игъэкIуащ.

Пщыхьэщхьэ хъури ПащIэм жиIащ:

- И анэр, и шыпхъумрэ и фызымрэ сывгъэлъагъу.

Ирагъэлъэгъуащ. Алихъан и фыз Дахэнагъуи ирагъэцIыхуащ. Фызхэм ПащIэр куэдрэ емыпсалъэу къыщIэкIыжри хьэщIапIэ кIуащ. ЕтIуанэрей махуэм и пщэдджыжьым ПащIэр аргуэру Алихъанхэ я пщIантIэм дэту слъэгъуащ. Ауэ иджы абы и закъуэт. Алихъанхэ я пщIантIэм Iуащхьэ цIыкIу гуэр дэтти ПащIэр абы тест и закъуэу.

Куэдрэ тесащ бащлъыкъ кIапитIыр зэпиIыгъыу гупсысэу, и Iупэхэр пIэжьажьэу. Дэ тщIэрт абы гъыбзэ зэрызэхилъхьэри, зэран дыхъуртэкъым. Езы ПащIэми мы дунейм гу зылъитэ щыIэтэкъым. Къыдихьэри дэкIыжри илъагъуртэкъым.

Апхуэдэу ар Iуащхьэм тесауэ къыщIэкIынщ ичынды нэблэгъэху.

МыдэкIэ Алихъанхэ я унэм увыIэгъуэ имыIэу, зыми хуэмыбэяууэ и фыз Дахэнагъуэ гъыбзэр кърышырт. ПащIэм и щхьэр зэзэмызэххэ къиIэтырти, гъыбзэр къызыдэIукI щхьэгъубжэмкIэ - пэш ищхъэрэмкIэ - плъэрт. Дэри тфIэгъэщIэгъуэну ПащIэм деплъу дыщытт гуэщым пэмыжыжьэу. ЛIыжьхэр гуэщ кIыхьым щIэст. Ахэри пэплъэрт ПащIэм иусынум.

Пщыхьэщхьэхуэ кIуэ хъуауэ, ПащIэ Бэчмырзэ дыуэщI кIуахэу Алихъанхэ я пщIантIэм дэтхэм еджащ. Псоми къаувыхьащ ПащIэр. Нэхъыжьыбыуэхэр езым бгъэдэтIысхьащ.

ПащIэм къыхидзащ Къашыргъэ Алихъан и гъыбзэр. Гъыбзэм макъ щIэтымрэ Алихъан мыгъуэм и фыз Дахэнагъуэ и гуIэкIэмрэ зэтехуэрт, зэщхьыркъэпст. Едзыгъуэ-едзыгъуэурэ тIэу-щэ жиIа нэужь, ПащIэр къытхэупщIыхьащ:

- Хэт гурыхуэу фхэтми фыкъетIысылIэ, - жиIэри.

ЛIитI-лIищ уэрэдкIэ нэхъ Iэзэу ПащIэм бгъэдэтIысхьащ. Бэчмырзэ псалъэхэм макъыр щIэтыжу хуэм дыдэурэ, мыпIащIэурэ абыхэм яжриIэурэ, модрейхэм ар ягу ираубыдэмэ, ПащIэм адэкIэ къыпищэурэ Алихъан мыгъуэм и гъыбзэр и кIэм нэсыху яригъэщIащ.

Ар езыр гъыбзитI мэхъу. Зыр нэхъ кIэщIщ, адрейр куэдкIэ нэхъ кIыхьщ. Абы итщ Iуэхур къызэрекIуэкIа псори. Гъыбзэр зэхилъхьэу ПащIэ Бэчмырзэ кIуэжа нэужь, Къашыргъэхэ зэрылъэпкъыу зэхыхьэри унафэ ящIащ: ПащIэм гъыбзэр зэрызэхилъхьам и саулыкъуу зы жэмыщIэрэ мэлитIрэ иратыну.

Абы ипкъ иткIэ, жэмыщIэмрэ мэлитIымрэ ПащIэм хуашащ.

АрщхьэкIэ ПащIэ Бэчмырзэ ахэр яIихын идакъым:

- ГуIэм къыхэкIа мылъку сыхуейкъым, - жиIэри.

ИУАН Хьэтыкъуэ.

Хьэзыр Iупэм и тхьэусыхафэ

ПАЩIЭ Бэчмырзэ сэ япэ щыслъэгъуам сыщIалэ цIыкIут, илъэс 14-м сыфIэкIагъэнтэкъым. Абы щыгъуэм сэ абы сызэрыIуплъар лIыку жыхуаIэм фIэкIауэ, жьыхуегъэзэкI хъуауэ апхуэдэт. Ар къыщалъхуам укъыдэбжэмэ, а зэманым илъэс 60-м фIэкIауэ щытащ, ауэ и теплъэкIэ апхуэдиз хуэбгъэфэщэнтэкъым. Абы щыгъуэм сэ седжэу мыдрисэм сыщIэст. Зэгуэрым Бэчмырзэ жэщитI-махуитIкIэ ди хьэщIащ. Ар увыIэгъуэ имыIэу псалъэрт, и гупсысэхэмкIэ къыддэгуашэрт. Ар тепсэлъыхьырт дуней къэхъукъащIэхэм, цIыху зэхэтыкIэхэм, дин Iуэхуми нэсырт. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым псалъэурэ псори ирагъэзэшауэ дыгъуэлъыжри, уэздыгъэри ягъэункIыфIыжауэ, «Алыхьым щхьэкIэ фымыжейуэ мы зым фыкъедэIуэж» - жиIэри, аргуэру и псалъэр иригъэжьэжащ. Ар щхьэкIэ сэ сымыжейуэ куэдрэ седэIуэфынт. Мы зы псалъэр си гум къинащ: «Мы зы хьэзыр Iупэ закъуэм сыт хуэдиз макъ зэмыфэгъурэ сыт хуэдиз пшыналъэ зэмыщхьрэ къикIрэ!» Тэмакъыр хьэзыр Iупэм зэрыригъэщхьар гъэщIэгъуэн къысщыхъуати, иджыри къэсыху сщыгъупщэжакъым.

Делэмрэ губзыгъэмрэ

А зэрыжытIам хуэдэти, зы тхыгъэ гуэр имыIэмэ мыхъуну щилъагъум, езыр нэхъ зылъэIэсыфыну щыIэр къурIэныр зэрытха хьэрфыр арати, хуежьэри езыр-езыру, зыми иримыгъаджэу хьэрыпыбзи зригъэщIащ, хьэрфхэр зригъэцIыхури, а хьэрып хьэрфхэмкIэ тхэуэ щIидзащ. Адыгэбзэм и макъ куэд зэхуэмыдэхэр хьэрып хьэрфым къыщимытIасэм, хьэрфхэм зыгуэрхэр кIэригъэтIысхьэурэ ищIащ. Нэхъыбэу абы къигъэсэбэпар точкэщ, а зы хьэрфым зэ ищхьэмкIэ тригъэтIысхьэрэ зы макъым и дамыгъэ хъууэ, ищIагъымкIэ щIигъэтIысхьэрэ нэгъуэщI зы макъ кърigъэкIыу...

ПащIэ Бэчмырзэ и усэхэр псори я рифмэкIэ, я ритмэкIэ зэкIэлъыкIуэ дыдэуи щыткъым, «къебжэкI» жыхуаIэм хуэдэу зэхэлъу. Сыт хуэдэуи ирехъуи, щхьэпагъ зимыIэ абы къыщIэнакъым. Сыт щыIар а зэманым пашэ къыхуэхъуну, лъапэнэху кърigъэлъагъуну? Ар щыгъэтауэ, и лэжьыгъэхэр утыкум къихьэу щыхуежьэм, абыхэм я мыхьэнэр зыгурымыIуэхэм Бэчмырзэ яфIэделэу щытащ, ХьэтIохъущокъуэ Къазий зэхилъхьа тхыбзэ хьэлэмэтым «Делэ тхылъ» зэрыфIащыгъам хуэдэу.

ХьэтIохъущокъуэр делэтэкъым, ПащIэми лажьэ иIэтэкъым, делэ гын ефауэ щхьэзэу къэнар абы щыгъуэм ди пашэу щытахэрщ.

ЕЛБЭД Хьэсэн.

Народым уи макъыр, укъэтми, зэхех!

Игъуэ нэсакъэ шынэр зыхэднэну?

ДАПЩЭЩ адыгэр щесэнур и щхьэ пщIэ хуищIыжыфу? Зыгуэрым и жагъуэ дымыщIащэрэт жытIэурэ, зытIпIытI-зытхузурэ къуэгъэнапIэм дыкъыдэхутащ, ди эпосри, ди фащи, ди тхыди, дищIи, хабзи дыхуимытыжу.

А шынагъуэм зэридзэкIахэм яхэхуащ ПащIэм «Къэбэрдей» зыфIищауэ щыта тхыгъэшхуэри. Мы зи гугъу тщIы усыгъэр иджырей адыгэбзэм хуэзыгъэкIуэжар ЩоджэнцIыкIу Алийщ. Ди институтым щыхъума хъуари ЩоджэнцIыкIур тхыгъэм щелэжьым щыгъуэ къритхыкIауэ щытаращ. «Къэбэрдейм» щыщу къэнэжар зы пычыгъуэщ, сатыри 5-м нэсу. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ар мащIэ дыдэщ, ауэ ди насыпти, а тIэкIури къэнащ, езы Бэчмырзэ итхам и пэжыпIэмрэ зэрыхэлэжьыхьыжамрэ иризэбгъэпщэну:

Къэбэрдей

Уэй, уэйуэрэ, Къэбэрдеижьхэ!
ИжькIэрэ фи таурыхъти,
Нэхъыжьхэм я хъыбар пэжти,
Пащтыхь тажыр фи саугъэтти,
Дэрэжэгъуэри Тхьэм къыивитати.
АрщхьэкIэ шэрихьэтыр
фи гурымыхьти,
Пащтыхьыгъуэхэр
фхузехьэфакъым,
Хьэрэм бжэIухэр фи пшэрыхьыбэти,
Фи лъэужьыбэхэр хъейнэт Iэпэти,
Дэ арып хужьхэр ди къуэшти,
Къурэйшыхэр ди пашэти,
Iэушыхэр ди лъэпкъти,
Ди гъэрыпкъхэр ди куэдти,
Пашэ куэдхэр едгъэшри,
Дэ «шэркэсхэр» къытфIащри,
Хэкупщ куэдхэр зэрыщIэри,
Дэ къурш щIыбым дыкъадзри,
Къырымыдзэм я жагъуэти,
Дэ жагъуэгъуи дыкъащIри,
КъалэнычщIэуи дагъэуври,
Дэ лъэувыпIэми дылъохъури,
Ди уэркъ напэр тхъумэжри,
Дэ жылагъуэ зедгъэщIри,
Къырымыжьым я щIыщхьэти,
Мы Iуащхьэхэр зейм я щIыпIэти,
Ди кIуэдыпIэуэ дыкъадзти,
Къырымыдзэхэр къытхуэлъэти,
Ди нэрыплъэхэр гупщысэри,
Гуащэнысэр ди къанти,
Къырым хъанри дгъэхъыжьэри,
Ди лIыхъужьри дгъэджэгущ.
Ди лIыхъугухэри дгъэгубжьри,
Ди гурабжьхэри зэрыщIэри,
Къырым ищIхэри къытхуэнэщ.
Къытхуэна щхьэкIэ
Дэ емынэр къытхалъхуэщ,
Дэ «лъхукъуэлIи» къытфIащщ,
Дэ ди пщыщхьэхэри удафэщ,
Унафейми дигъэжьщ,
Джаурыжьым зедгъэзщ,
Залымыгъэм дыпыкIри,
Дин къабзэм дикIыжри,
Мэздэгу жылэм дыгухьэщ.
Хьэжрэтхэр екIуэкIри,
Мухьэжырхэр екIуэкIри,
Жорыжьыбэхэм зиубгъури,
Ди губгъуэшхуэхэр пащIыкIри,
Гум къимыкIхэри кърашри,
Бей шэ толъкъуным Iуагуашэри,
Налшык жьэпкъыр иратри,
Дызыхуитхэри...

Иджы зэвгъэпщэну а пычыгъуэ дыдэр тхылъым зэритым феплъыт (езы Бэчмырзэ и усыгъэ Iэрытхым хэмыта псалъэхэр щIэттхъащ):

Къэбэрдей!

Уей, уейуэ Къэбэрдеижь,
ИжькIэрэ фи таурыхъыжьыр
Фи нэхъыжьхэм я хъыбар пэжт,
Пащтыхь тажыр саугъэт нэпцIт,
Дэрэжэгъуэр Тхьэм къыивитат.
Шэрихьэтхэр фи гурымыхьт,
Бийм и бжэIухэр фи пшэрыхьыбэт,
Фи пщы щхьэншэм фэ фагъэунэхъу.
Ар мыхъуамэ фи хэкур лъэщт,
Дэ зауэлIхэр ди пашэт,
Пашэ куэдхэр едгъэшри,
Дэ «Шэрджэси» къытфIащ.
«Хъуэршэрыбэр» зэрыщIэри,
Мы къуршыжьым дыкъахущ.
Къырым хъанхэр жагъуэгъути,
Дэ жагъуэгъуу дыкъабжри,
КъалэнычщIэу дагъэув.
Ауэ щыхъум, лъэувыпIэ
дылъыхъущ,
Дэ гъусэфIи къэдгъуэтщ,
Дэ ди напи тхъумэжщ.
Мыр нэхъапэм ди щIыщхьэт,
Iуащхьэр зейм ди щIыпIэт,
Ауэ хъанхэр къыттеуэу
Зауэ иныр дэ дыублэщ,
Лыгъэр ди щIым къыридзщ,
Бын кIуэдыпIэ дыкъадзщ.
Къырымыдзэр къытхуэплъэти,
Ауэ щыхъум, цIыхубэр
Я хэку лъапIэм щхьэщыжщ.
Ди нэрыплъэхэр гупщысэри,
Гуащэ нысэр ди къанти,
Къырым хъаныр дгъэхъыжьэри,
Ди лIыхъужьхэр дгъэджэгущ,
Ди лIыхъухэр дгъэгубжьри,
Ди гурабжьхэр зэрыщIэщ,
Хъанхэм ящIхэри къытхуэнэщ.
Ауэ хъуами ди щIыпIэм
Пщы емынэ къытхалъхуэ,
Дэ «лъхукъуэлIи» къытфIащщ.
А ди пщыжьхэр удафэри,
Унафейми дигъэжьщ.
Ауэ щыхъум, зытплъыхьри,
Дэ урысхэм дагухьэщ,
Хъан залымым дыпыкIри
Я дин бзаджэ дикIыжщ,
Мэздэгу жылэр дгъэтIысщ,
Мухьэжырхэр икIыжщ,
Хэкур нэщI къэхъуати,
Пащтыхьыжьым зиубгъущ,
Ди губгъуэшхуэм пащыкIри,
Пащтыхьыдзэм хуагуэшщ...

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Фрося.

Мыгъуэмрэ бэгъуамрэ

1903 гъэм ПащIэ Бэчмырзэ ди гъунэгъум я деж къэкIуат, абы я щIалэ яукIауэ гъыбзэ ирагъэусати къажриIэжыну. Абы щыгъуэ сэ илъэс 15 сыхъурт.

ЦIыху куэд зэхуэсат. Гъыбзэр зыгуэрым иригъэщIэну ираухылIати, зы махуэ зытхухкIэ щымыIэу хъуакъым. Я пщIантIэр удзыпцIэ дахэти, арджэн ягъэтIылъащ, щхьэнтэ тралъхьэри Бэчмырзэ ягъэтIысащ. ЦIыхухэри къетIысэкIащ. ЩIалэгъуалэри къеувэкIащ. Зыкъомрэ псэлъащ. Абы и псэлъэкIэр цIыхухэм ягъэщIагъуэрт, сэри, хъыджэбз цIыкIухэм сахэту, и щIыбагъкIэ сыщытт. Гъыбзэр зритха тхылъыр зэгуихри, къримыгъажьэ щIыкIэ къахэпсэлъыхьащ:

Уей, Андзуреишхуэ, фэ фыжылэжьщ,
ИжькIэ фи хабзэм щапхъэ тырах.
Мы сэ стхар нэщхъеягъэм и гъыбзэщ,
Ерыбзэм и тхьэусыхэщ,
Ауэ федэIуэн къудейуэ аракъым,
Зэвгъэщ1эну сыныволъэIу.
КъывгурымыIуэ къыхэкIым
фыкъызэупщI.

- Захуэщ, берычэт бесын, дэ дымыщIэми зэзыгъэщIэфын къытхэкIынхэщ, - жаIащ нэхъыжьхэм.

ИтIанэ, Бэчмырзэ игу сыкъэкIыжри къысщIэупщIащ:

- Ярэби, Тохъу Iэлимырзэ и хъыджэбз цIыкIур дэнэ щыIэ? Къысхуэвгъуэтыжыт, - Бэчмырзэ щыжиIэм, зэхэсхри сыкIуэри сыбгъэдэуващ. Бэчмырзэ жиIащ, къыздэджэгу хуэдэу:

- А хьэдрэтыжь хъун Пэщхъан, сэ уэр щхьэкIэ зызоплъыхьри... Мыдэ си гъунэгъуу къэтIыс, уэ цIыкIур узэчийщ, си псалъэм къикIхэр уэ къыбгурыIуэнщ, - щыжиIэм, цIыхухэр къызэплъащ, и ныкъуэхэри тIэкIу дыхьэшхащ.

- КъэпцIыхуащ, Бэчмырзэ, уэлэхьэ, абы ищIэнмэ, - зы лIыжь гуэрым жиIащ.

- Ар къызэрысцIыхуауэ сэ сипхъуу щытащэрэт, - жиIэри, Бэчмырзэ псори игъэдыхьэшхащ.

Абы и ужькIэ уэрэд нэхъ зыщIэхэр къакIуэурэ тIэкIу зрагъэщIахэщ. Сэ уэрэдыр и кIыхьагъкIэ зэзгъащIэри, игу загъэри кIуэжащ. Бэчмырзэ зы тхылъ Iувышхуэ къыздихьат, езым итхауэ. Абы имыт адыгэбзэ щыIэ хъунтэкъым, хьэрфхэр хьэрып хьэрфым ещхьт. Сэ тIэкIу сыкъеджэфырти игъэщIагъуэрт. Ауэ гъэщIэгъуэныр езырат. Абы и тхылъым псалъэжьу щыIэхэр итт, езым къигъуэтауи нэхъыбэж. Куэд зэзгъэщIат, ауэ сщыгъупщэжащ. Сэ къысхуэщIэжхэр нызотх:

КъурIэным ирилажьэ,
ЩIым елэжьырилэ,
ЩхьэлыфI езыгъэщI,
Сату зыщIырей,
Ахэр къулейсызкъым, - жиIащ.

ГъущI куэд зыгъэплъ,
Лъы куэд зыгъажэ,
Хьэжэбэжащэ, -
Ахэр къулей хъуауэ флъэгъуа?
Акъыл зимыIэм иIэр былымкъым, - жиIащ.

Сэ къызжиIащ:

IэмалыфIыр Iуэхугъуэ куэдым хозагъэ,
Зыри зыхэмызагъэр псэхэхырщ.

- Ар зыми илъагъуркъым, - жысIати дыхьэшхащ.

- Ар плъагъунукъым, си хъыджэбз,
Хьэр емыбэну унэм къыщIохьэ,
ПIалъэ пэмыплъэр и джатэ Iэпщэщ,
Ерыпщ шу закъуэщи,
благъэ хуэмылIэщ,
ЛIэкIэ зэблэхъухэм дыхэзыгъаплъэщ,
ЗэIуплъэжынкIэ гущIэгъу зимыIэщ.
Ауэ абыи дыхуэарэзыщ,
Мыгъуэри бэгъуари дызэхуегъэдэ, -
жиIэри тэджыжащ.

ЧЫМ Пэщхъан.

ПащIэ Бэчмырзэ и тхыгъэхэр



Мэл

Ди акъылхэр дгъэгупсысэмэ,
Дегупсысу дыпсалъэм,
Къэтпсэлъын дгъуэтынущ мэл
и Iуэхуур.
Зи мыIуэхум имыщIэу,
И пIалъэ зыщIэм зэхищIыкIыу
Мэлым къыпыкI фIыгъуэу
Iэджи къэбгъуэтынущ.
Бжьыхьэм цыр къащ,
къатещащэу зэIапщIыкI.
ЗэIагъэкIри цыпхым далъхьэ,
ЦыIэрылъхьэу яшыхыж.
Гукъыдэж щыхуащIу щахущIыхьэм
ЦыкIуэкIыщхьэр къащтэри ягъэудж.
Цыр джагъэххэу къыщIагъэкI.
ЦыкIуэкIыкIым траджэж,
Джын хуей щапхъэр щрагъэкъукIэ,
Цеищэ пкъор екIукIэ къызэфIалъхьэ,
Псэгу щэнджатэм и кIапэхэр иуIауэ,
Зэблэу-зэблэфу ящэри цей мэхъу.
Ар зэрыхъур нэхъ зыщIэр
ди цIыхубзхэрщ.
Абы я IэрыкIщ, ахэм я IэщIагъэщ.
ШхыIэныпхъэ-уэншэкупхъэр
абы къыхокI,
Джэдыгу къызыхэкIыр абы и фэщ,
Ди фэр игъэхуабэу гъэ дыщIокI.
ФIыгъуэу абы къыпыкI псор
къыпхуэбжын?

Япон зауэ

Уэредэ, а махуэм махуэшхуэ зауэт,
Мэзкуум и жылэхэри ныэзрызохьэ,
Къэралыр зезыхьэм и щIыр
къызыхуашэ,
Бийм щымышынэжыр абы
къыхуалъыхъуэ.
Уей, лIыхъум и дамыгъэр
дэ зыхуэдвгъэгуэш,
Шагъдийм и дахэм дэ зыхуэдвгъэхуапэ,
ЦIыху напэ зиIэр - уей, зызыIэтын!
КIазетыр къатхым дэ дрощхьэзауэ,
Железым и гъуэгур Кавказым ирокIуэ,
Тетым хуэкIуэ жылэр
Къэбэрдей хахуэщ!
Тетым хуагъэхь тхылъыр жылэхэм
хуагуэш,
Къэбэрдейм и шу мащIэр
шууищэ уасэщ,
Арысей хэкушхуэр абы къыщIоупщIэ,
Зи щхьэ щIэупщIэжыр нобэ хуэмыхущ.
Зауэм щыхахуэр КIэрэфхэ я щауэщ,
Дзэм и кIуэдыжыгъуэти -
батэр здагъэш.
Дунейр зыгъашхэр я участкэм исщ,
Унэм щIэс пщыхэм ди щIыр яубыд,
Ди танэжь яубыдым
сом ныкъуэ ттырах,
Дэ ди лIэщIыгъуэм дунейр къызэIохьэ,
Емынэ Iыхьэм хьэщIэуи дыхуокIуэ,
Дэ дыздэкIуэ хэкури машинэрыуэщ,
Фоч закъуэрыуэм дэ драмыгъасэ,
Бий ягъэсами дэ зыхыдогъатIэ,
НатIэм кърaтхами мыр - Iэмал зимыIэ.
ЛIыгъэу дэ зетхьэри усэм хуэмыIуатэ.

Алыхьым и фIыщIэ
(Пычыгъуэ)

...Алыхьым и фIыщIэхэр
жыжьэ къыщожьэри,
Ижьырей махуэуэ щытхъухэр
зи мылъку,
Дунейм и мылъкухэри къытхуэзыгуэш,
Хьэрш къуэлэныжьхэри
зыгъэкIэрахъуэ,
Зи дыгъэ-мазэр къекIэрэхъуэкI,
ДызыщIэмыкIхэри зи уафэ лъабжьэ,
Дызыщылажьэхэри зи жумарт
губгъуэ.
Губгъуэ зимыIэхэри зи къуршыжь уэс,
Кхъухьыжьхэр зыщесыр
зи тенджыз ФIыцIэ,
Мы щIы фIыцIэшхуэри зыгъэкIэзыз,
Зи КъурIэн уахэри шэрихьэт захуэ,
Бегъымбар захуэхэр зи къэды пашэ,
Хьэршым и шхуэлхэри зи дыгъэ зебэ.
Мэзым и быдзхэм бланэхэр щызыпIыуэ
Iэсэжьхэр зыпIыуэ щIэмыфыгъуж.
Щыуэр щIегъуэжмэ гущIэгъу
хуэзыщIуэ
Щхьэж и лъэпкъ екIуурэ
балигъхэр зыщI.

* * *

Гу бампIэм си гущхьэр егъэжь,
Ижь лъандэ гуIэгъуэщ
къытщIэлъыр,
Пшыналъэр мэгуIэ,
ГуIэгъуэр мэтут,
Тутнакъхэр къытхоплъэ,
Нэ плъэгъуэ димыIэ.

* * *

Зэманыр псынщIэу йокIуэкIыр,
И гупкIэм дису дыздешэр,
Гъуэгу быркъуэшыркъуэу дыздэкIуэм
ДеудынышIэ мычэму.
А гупхэм дису дыздэкIуэм
Дыкъыпыхунущ зэгуэрым,
А щIыгу сызтехуэм и дежыр
Къызахъуэжынущ сэ мащэу.
Абдей щIалъхьэнуи си хьэдэм
ДыркъуэщIэ щIыщхьэм ищIынщ.
Хъуэпсэгъуэ дапщэ сиIами,
IэщIыб абдежым щыхъунщ.

* * *

Ижьым щыгъуазэрэ
ЗекIуэр ищIыхум - ар Iущщ,
Пэжыр и гъуазэрэ
Захуэм щIэбнмэ - ар лIыфIщ.
Нэмыс зыхилъхьэрэ
Iыхьэм емыблэмэ - ар хахуэщ.
АпхуэдэлIхэм
СыныIущIатэмэ,
Сэ хьэдрыхэ
СыдыщIыхьэнт.
Щхьэхуещэ гупхэр
ЩымыIэгъатэмэ,
Дунейр тхъэжыгъуэу
Псэунт.
Захуэр щIахъумэри
Хьэхур къаIэтыр.
Пэжыр къыупсэлъмэ,
Лъыр къыпщIагъэткIуэр.
Апхуэдэ гъащIэм
Си хьэ теджагуэ,
Апхуэдэ уджым
Сыхыремыхьэ.
Уэ, зэманыжьуэ
Шыдыгъу зекIуэкIэ,
ЕмыкIур екIуу зылъытэ,
Тутыркъушхэр IейкIэ уогъэтхъу,
Уэ уи хъыринэм ещIэр мэунэхъу.
Хъун лъэпкъ жамыIэурэ
ГъащIэр соухыр,
Си хьэдрыхэри
КъысхуогъэIэгъуэр.

Гуащэ нысэ

Уегуауэмэ, зэхэуэнущ,
УеIусэмэ, пIэ ищIынущ.
Ар жыхафэм къехыу щыхъукIэ,
Джэдум хуэдэу щабэрыкIуэщ.
Гуащэ нысэщ - ар гъэфIащ,
ФIарийм ещхьу ар иIащ.
И напэхум бадзэр теху,
И бгъэхуитIым жьы дегъэху!
УнэIутуэ хьэм къилъхуа,
Гуащэр жейуэ бжэр Iуумых.
ХэбгъэщтыкIмэ, ем уихьынщ,
Зиусхьэным уичэтхъэнщ!
Бжьэхуц щIыкIэу и щIыфэхум
Дарий хужьыр хуэмуэ тепхъуэ,
Бадзэ хьейуэ къыщIумынэ,
И напIащхьэм едзэкъэнщ!
Ар къэушмэ, шейр хьэзырщ,
Гугъу емыхьми, ар мэшхэф.
Пшэру щытми, фIэфI илъагъум,
Номин хуэдэу ар къофэф.

Сэхусэплъ

Пщащэр пудрэ напэрэ,
И Iупэр иIамэ -
Гурыхькъым.
Напэ шэфэлым
Щхъухь лей щумыхуэ -
Ар фIыкъым.
Къызэралъхуауэ зи нэгур къабзэр
Гузагъэ щIалэм къыщохъур.
Хьэпшыпкъым цIыхур -
ЗумыIэ,
Уэзэралъхуауэ уэ гъащIэ.
НыбжьыщIэ напэр пудрэм ехьыр,
Фэр зэрегъалъэри
Мэжьыфэр.
Уи фэр тумыхьуэ, си дахэ,
Уи щхьэр зехьэфи -
Нэхъ дэгъуэщ.
ЦIыхур щыгъыным къыдехыр,
Ар напэ хьэхум щоукIытэр,
Зы ягъэ кIынкъым, уэ даIуэ,
Джэгум пудырэкIэ
УмыкIуэ.
ЖаIэр нэхъыфIмэ, зэхэх.
Iуэхум уемыкIумэ, къэгъанэ.
Сэ ныбжесIахэр пфIэигъуэм,
Зэгупсысыжи,
Зыхэлъхьэ.

Дзэлыкъуэ

Романовхэ щолъэтри
Хэку къащтэным къыщIадзэ,
Дэ ди тIуащIэр зэрапхъуэ,
Ди псыхъуэшхуэр яубыдыр,
Диубыдыну пащтыхьым
Хьэ самырхэр къеутIыпщ,
ПщыцIэ ахэм къафIещри
ЩIым и дыщэр яретыр.
Дызытесыр тIэщIахри
ЩIыкIей пашэм дагъэжыр.
Жьэпкъ унапIэр тхуагуэшыр.
Налшык къалэ я абгъуэщ,
Я гъуэмылэр дэращ.
Ди щIым гуимэр ирожэр,
Межам Къурей къиубыдырт,
Мэшыкъуэр ди егъэзыпIэт,
Ди хъупIэр Дзэлыкъуэ дахэт,
Дэ ди лIыщхьэм ныбэр я пщалъэт
Ахэм я теплъэр благъуафэт,
ЩIы ттрахахэр ирафри,
Фэндырэ нэщIу къонэжхэр,
Ахэр ди хъупIэм нышоплъэр,
Налшык хасэ ныщащIыр,
Ди щIыгур щэхуу ягуэщ,
Шы завод хъупIэу зэрапхъуэр,
Дэ хъупIэншэу дыкъонэ.
Ди дуней Iыхьэр пщылIыныpт,
ПщылIыпIэхэм дикIым ди гуапэт,
Дигу зыщIэхъуэпсыр арати,
ПщылIхэм джатэр кърахыр,
Джыдэ зыIыгъи ди куэдхэт,
Къэрэхьэлъкъ куэдхэр зы хъуахэт,
Гуахъуэ я Iэщэу тэджахэт.
Джатэ зыIыгъыр ди пашэу,
Зэкъуэшхэр зыуэ ыздилъри,
Зауэшхуэ пщым етщIылIахэт,
Дзэлыкъуэ дахэм пщы, уэркъхэр
Зэтемыплъэжу къыдохур.
Джатэ жан щIэкъухэу къэзакъхэр
Къэрал пащтыхьым къегъакIуэр.
Уэркъхэм ахэр къадощIыр,
Ди щIыгум лъыпсыр щагъажэ.
Жыр топкIэ бийхэр къытхоуэ,
А махуэм хьэдэр мэбагъуэ.
Зи лIыгъэ бащэр къонахуэ,
Ди Iэщэр мащIэу дызауэт,
Зэбгырытхуахэр ди пщыжьхэрт.
Пащтыхьыжьыдзэр къэкIуами,
Дэ къыттекIуэни лъэкIакъым.

Ди щIыпIэм папщIэ

Мы дэ ди хэкур хышхуэ зэхуакут,
Лъэ уэндэгъу бзаджэкIэ хэти иутэт.
Хэкум къебийхэм пщыхэр якъухьэт,
Ибэу къагъанэм бжыгъэ имыIэт.
ЛIыгъэ зыхэлъу дэ къытхэкI лIыфIхэр
ФIыгъуэм хуэбанэу бийхэм езауэт.
Зэман блэкIахэм дэ дыхэплъэжмэ,
Лъы щымыжауэ щIыпэ бгъуэтынкъым.
Жыр джатэ ныкъуэр губгъуэм
щогъуэтыр
Нэпкъхэу лъы защIэм
дыгъэр теплъызэт...

Iэщэр фузэд

Иджырей щIалэм
ПащIэр ягъэкI,
Iуэху къалъыкъуэкIым -
Хуабэ тхъэрыкъуэфщ.
Нэхъыжь унафэр
Пщащэм якъутэ,
ДимыIэж фащэм
Дыщэр хуагъэпсыр,
Iэщэ зыуэдым
Нобэр и лIэщIыгъуэщ,
Къэралыгъуэр ткIийщи,
Ди нэр имыгъаплъэ.
Ди лъыр къызэщIэплъэм
Ди лъэр тхущIауд,
Дину дызэрытри
Ди псэм фIэмыфIыж...

Тхьэшхуэ

Зи дэрэжэгъуэм гъунэ имыIэ,
Гъусэ зимыIэу дунейр зи IэщIагъэ,
ЩIы щIагъым щIэсхэр зи нэрылъагъу,
Вагъуэхэр лъагъуэм дэзымыгъэх,
Мазэр дигъэх зэпытурэ езыгъэкIуэкI,
МазэкIэм и нэр зыгъэхьэфиз,
Дыгъэм къигъазэм, гъуэгу хухэзыш,
Псыхэр зыгуэшу къуршыр
зи гъэжалъэ,
Уэсыжьу телъым щызымыгъащIэ,
Дуней щIыгъуитIыр зыгъэIэужь,
КъутэжыгъуитIыр зыгъэужьых,
Мазэхэ унэм дыхуэзыгъэжь,
Жьымрэ псымрэ зи пелуан гуащIэ,
ГъащIэмрэ гуащIэмрэ зэщIыгъуу зыт,
Ар зэпта мелыIычхэр зи
IуэхутхьэбзащIэ,
ГъащIэм и дэщIу щIыр зи гъуэмылэ,
Акъыл насыпыр къытхуэзыгуэш,
Дунейр зыгуэшу хьэршыр зыIыгъ,
ГъащIэр зылъысым я Индыл пщалъэ.
Тенджызым и пщалъэр
зи ныкъуи имыщI,
ХищIа хьеуанхэм я хьэкъыр зыщIэ,
Тенджыз ищIар псым и мызакъуэ,
Алыхь зи закъуэм сейр и куэдщ.
Мы къуейщIей куэдыр хэт иукъутэ?
Къуршыжь зэпытыр хэт иугъэж?
Богъэз дыхьэпIэри хэт къыдиутхъу?
Алыхьым и щытхъум хэт и Iыхьэгъу?
Хьэм и уIэгъэм хэт и Iыхьэгъу?
Хьэм и уIэгъэм хэт еуIэзэ?
Къуршыщхьэ уэсыр сейрым щыщщ.
Гъэмахуэм щыщуи и Iыхьэ лъос,
Псышхуэу къыщIэжыр
зэпэнэпкъитIщ,
Дуней гъунитIым щызоунтIэIу,
КъыдырищIейуэрэ
къытщIимыгъауэ.



ПащIэ Бэчмырзэ и Iэрытх.

3 - 6-нэ напэхэр Чэрим Марьянэ игъэхьэзыращ.

● ДифI догъэлъапIэ

Хьэкlуащэ Андрей. *2008 гъэ*

Критик, литературовед, щIэныгъэлI ХьэкIуащэ Андрей Хьэнащхъуэ и къуэр Тэрч районым хыхьэ Арик (Борыкъуей) къуажэм 1929 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м къыщалъхуащ. 1948 - 1952 гъэхэм ар щеджащ Ленинград дэт къэрал университетым и филологие факультетым. Налшык къигъэзэжа нэужь, Къэбэрдей радиом мазэ зытIущкIэ щыIащ. ИужькIэ, а гъэ дыдэм Къэбэрдей пединститутым (1957 гъэ лъандэрэ университетым) и аспирантурэм щIэтIысхьэри, 1955 гъэм ар къиухащ.

1954 гъэм къыщыщIэдзауэ 1961 гъэм нэсыху ар Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутымрэ университетымрэ я егъэджакIуэ нэхъыжьщ. 1961 - 1968 гъэхэм ХьэкIуащэ Андрей КъБКъУ-м и филологие факультетым и деканым и къуэдзэщ, 1968 - 1973 гъэхэм КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и кафедрэм и доцентщ. 1974 - 1976 гъэхэм КъБКъУ-м филологиемкIэ и факультетым и деканым и къуэдзэщ.

ХьэкIуащэ Андрей филологие щIэныгъэм я докторщ, профессорщ, ЩIДАА-м и академикщ, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, абы и «Адыгэ узэщIакIуэхэр» тхылъым Кавказ Ищхъэрэ щIэныгъэ центрым и дипломыр къыхуагъэфэщащ.

Иджыблагъэ щIэныгъэлI щэджащэм дыхуэзащ, абы и гъащIэ гъуэгуанэр щIэтплъыкIыжри, къыхиха гупсысэхэмкIи къыддэгуэшащ.

ХЬЭКIУАЩЭ Андрей: Зыри сымыщIэу сыщысыфынукъым

- СЭ СЫКЪЫЗЫХЭКIАР къызэрыгуэкI адыгэ мэкъумэшыщIэ унагъуэщ, - жеIэ Андрей. - 1933 - 1934 гъэхэр хьэлъэу щытащ. ЦIыхум яшхын ямыгъуэту гугъу ехьырт. Украинэм къикIыурэ цIыхухэр Кавказым къакIуэрт, къуажэ-къуажэкIэ къакIухьырт. Сэ сощIэж апхуэдэ цIыху куэд ди пщIантIэм къыдыхьэу зэрыщытар. Си адэр ди къуажэм пэгъунэгъу совхозым щылажьэрти, щIакхъуэшхуэ къратырт. ЩIалэ цIыкIу зы гуп дызэрыгъэхъурти, шэджагъуэм деж а щIакхъуэр къэтхьырт. А щIалэ цIыкIухэр си гъусэу ныщIэкIуэр си анэм щIакхъуэ Iыхьэ зырыз абыхэм яритырти аращ. Къуажэмрэ совхозымрэ я зэхуакум псы дэжырт. Махуэ гуэрым абы дыкъызэпрыкIыжын хуей щыхъум, щIакхъуэр къэддзри, псым хэхуащ. Абы щыгъуэм ди гум щыщIам ущIэмыупщIэ! Дауэ хъуми, щIакхъуэр псым къыхэтхыжри унэм къэтхьыжауэ щытащ. Ар иджыри къэс си нэгу щIэтщ. А зы закъуэм къегъэлъагъуэ тхьэмыщкIагъэ ин дыдэхэр а илъэсхэм дэ ди цIыхухэм зэрателъар. ЗанщIэу жыIэн хуейщи, ди адэм абы щыгъуэм лэжьыгъэ хъарзынэ иIэт, иужькIэ, щIэныгъэ тIэкIу иIэти, къуажэ тыкуэным и унафэщIу ягъэкIуауэ щытащ. Абы теухуауи гукъэкIыж гъэщIэгъуэн сиIэщ. Зэгуэрым, пщэдджыжьым сыкъоушри, ди пщIантIэм гу дэтт, вакъэ зэхуэмыдэ изу илъу. Ар ди адэм пщыхьэщхьэм гувауэ къишати, пщIантIэм къыдинауэ арат. Абы ди адэм срешалIэри: «Гум дэкIуеи, узыхуей вакъэр къыхэх», - жеIэ. Сыхэплъэщ-сыхэплъэри, абы щыгъуэм нэхъ дахэу сэ къысфIэщIыр плъыжьрати, ар и плъыфэу зы вакъэ къыхэсхащ. И дахагъэм сыдихьэха щхьэкIэ, вакъэр схуэхъуртэкъым. Си адэмрэ анэмрэ ар щалъагъум, схуэхъуу нэгъуэщI зы вакъэ фIыцIэ гуэр къыхахри ар зыкъомрэ зесхьауэ щытащ.

34 - 35 гъэхэм цIыхухэм я псэукIэр нэхъ тынш хъуащ. Ар куэдкIэ я фIыщIэт колхозхэм. Къапщтэмэ, колхозхэр дыубу къекIуэкIами, сэ си щхьэкIэ абы фIы зыкъом дэслъэгъуащ. СощIэж зауэм и пэкIэ фо, кхъуей, лы къыдату, гъавэр гукIэ пщIантIэм къыдашэу зэрыщытар. Мис абы щыгъуэм цIыху гъащIэр хэпщIыкIыу псынщIэу ефIэкIуауэ щытащ, ауэ иужькIэ, зауэр къэхъейри, псори кIуэдыжащ. Зауэм псори зэIищIащ. ФIыгъуэу цIыхухэми колхозхэми ябгъэдэлъар абы дэкIуэдащ. Зауэм и бэлыхьыр зышэчыр абы Iуту шэр зытелъалъэм и закъуэкъым, мыдэкIэ къэнахэри гугъуехьым хэкIыркъым. Си адэр щежьэм, сэ унагъуэм сранэхъыжьти, сылэжьэн хуей хъуащ. А зэманым сэ езмыхьэкIа IэнатIэ колхозым иIауэ къыщIэкIынукъым. ЦIыхухэр ерыскъыкIэ гугъу дыдэ ехьырт, хьэлIамэрэ хьэлIамэпсрэт абы щыгъуэм цIыхухэм я шхыныгъуэр. Выгум сису, ЩIыщIэжь исшурэ Мэртэзей нартыху сшэрт. Ар щысшэкIэ кIэчанхэр гум и лъабжьэм ислъхьа мэкъум хэзгъэлъалъэрт. Жэщым сыкъэкIуэжа иужькIэ, сабийхэм ар къыхахыжырт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ махуэ къэс зы пэгун из хъун хуэдиз нартыху гъэлъэлъа унэм къасшэрт. Ар димыIамэ, шэч хэмылъу, ди унагъуэр гугъу Iей ехьынут. А зэманыр гугъут, колхозым и мылъкуу гуэдз, нартыху килограмм щхьэкIэ цIыхур ягъэтIысырт. Ауэ Iэмалыншагъэкlэ дыдыгъуэн хуейуэ зэманым дрихулIауэ щытащ.

Нэмыцэхэр дэкIыжа иужь, цIыхухэм ятелъ бэлыхьым иджыри зы къахэхъуащ. Куэдым хуабэузыр (тиф) къеуэлIащ. ЩIымахуэу узым сыкъыхигъэщIащ, зыкъыщысщIэжам, щхьэгъубжэмкIэ сыкъыдэплъри, хуэрэджэр къэгъэгъат. Мазэ зытIущкIэ хьэлъэу сигъэсымэджауэ, сыкърагъэлащ. Апхуэдизрэ ущыхэлъкIэ, уи лъэр зэщIэнэнтэкъэ?! Медсестрахэм саIыгъыу пэшым сыкъыщрашэкIыу, IэкIэ блынхэр сIыгъыу хуэмурэ си лъакъуэр зэблэсхыурэ зекIуэкIэ зэзгъэщIэжащ. Сэ си насып къихьри сыкъелащ, ахъумэ а лъэхъэнэм ди къуажэми адрей жылэхэми ящыщу хуабэузым куэд ихьащ. А узыр лъэужьыншэу кIуэдыркъым, абы сэкъат гуэр къегъанэ. ИужькIэ си гур узу къыщахутам, дохутырхэм жаIащ ар хуабэузым и лъэужьу.

- Андрей, уи сабиигъуэр зэман хьэлъэм хиубыдами, пхузэфIэкIащ щIэныгъэ куу зэбгъэгъуэтын.

- Ди адэр зауэм щыдэкIым си анэм уэсят къыхуищIат, сыт къэмыхъуами, сригъэджэну. Сабий быныр дыкъызыхуэна анэм зэрыхъукIэ зыщIэзгъакъуэу сылэжьэну си мурадами, къысхуимыдэу школым сыщIигъэтIысхьэжащ. Сытми, 9-нэ классыр Борыкъуей къуажэм къыщызухри, республикэ школ-интернатым сыщIэтIысхьащ. Ди къуажэм щыщу сэ, Сокъур Мусэрбий, Мэкъулхэ я зы щIалэ абы дыщеджащ. Зы илъэскIэ фIэкIа дыщIэмысами, щIэныгъэ куу къыщIэтхащ абы, егъэджакIуэ гъуэзэджэхэр диIащ. Ар къэзыухахэм ящыщ цIыху зыбжанэ бронькIэ къалэшхуэхэм щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм ягъакIуэрт. Мис абыхэм дахэхуэри, Мусэрбий сэрэ Ленинград дэт къэрал университетым дыкIуащ. Абыи гугъу дызэрыщехьам кIыхьу утепсэлъыхьыфынущ. Тшхынри дрикъуртэкъым, щыттIэгъэни диIэтэкъым. Зэгуэрым вакъэ зыри симыIэу сыкъэнауэ, еджапIэм сыкIуэртэкъым. ФранджыбзэмкIэ дезыгъаджэ цIыхубзым сыкъыщимылъагъум, си Iуэху зыIутым къыщIэупщIащ. Университетым сыщIэмыкIуэ щхьэусыгъуэр щыжраIэм, еджапIэм и профсоюзымрэ деканатымрэ къызэщIигъэуIуэри вакъэ къысхуащэхуауэ щытащ. Ди закъуэтэкъым бэлыхьым хэтыр, зауэм къела къэралыр зэрыщыту апхуэдэт.

Гухэхъуэ къыдэзыр зыт - еджэнырт. ЕгъэджакIуэ телъыджэхэр диIащ. ЩIэныгъэм дыдрагъэхьэхащ, гъэщIэгъуэн куэд абыхэм я деж къыщытщIащ. Къапщтэмэ, абы и музейхэм, библиотекэхэм, архивхэм ущIыхьэн къудейр куэд и уасэт, абыхэми щIэныгъэ къыщIэпхыфынут. Иджырей студентхэм я нэхъыбэм хуэдэу дэ еджэнымкIэ зыщIедгъэхакъым. ЩIэныгъэ зэдмыгъэгъуэтмэ, зыри дызэримыIэнур къыдгурыIуэрт.

Нэхъ иужьыIуэкIэ Мусэрбийрэ сэрэ ди Iуэхур къикIащ. Ленинград дэт консерваторием ди адыгэ студие щыIэт. Дэ тIур абы дагъэкIуащ, Сокъурым адыгэбзэмкIэ, сэ литературэмкIэ илъэситIкIэ щедгъэджащ абы. Мис абы щыгъуэм зыкъэдужьыжат. ФIытэкъэ стипендиери къэпхьу, улахуэ тIэкIуи къуатыну!

Налшык къэдгъэзэжа иужь, лэжьапIэ зыми къытхуигъэлъэгъуакъым, дэ езым ди щхьэ Iуэху дэдгъэкIыжауэ аращ. Сокъур Мусэрбий къуажэм кIуэжри, урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу зэман гуэркIэ щылэжьащ. Сэ Къэбэрдей радиокомитетым сыщылажьэу щIэздзащ. ИужькIэ пединститутым аспирантурэ къыщызэIуахати, Теунэ Хьэчим и фIыгъэкIэ абы сыщIэтIысхьащ. ЦIыхуитI къащтэну арати, Нало Ахьмэдхъанрэ сэрэ абдеж ди Iуэху къыщикIащ. Аспирантурэр къэзмыух щIыкIэ, 1954 гъэм пединститутым и кафедрэм ассистенту сыкъащтащ. Абы лъандэрэ илъэс 60 хъуащи, си лэжьапIэр схъуэжакъым.

И анэ Къарэ и гъусэу. *1959 гъэ*

- Нэхъапэм адыгэ къудамэм щIэтIысхьэхэм я бжыгъэр фIыуэ нэхъыбэу щытащ. Мы иужьрей илъэсхэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ IэщIагъэм хуеджэхэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу. Уэ узэреплъымкIэ, сыт абы и щхьэусыгъуэр?

- Пединститутым махуэрыеджэу цIыху 50, иужькIэ 25-рэ къатщтэу щытащ, ари зэпеуэшхуэхэр щыIэу, зы цIыхум и пIэм 3 - 4-м я тхылъхэр къыщIалъхьауэ. ЩIалэ куэди яхэтащ абыхэм. А лъэхъэнэм щIэныгъэм я нэ къыхуикIыу, абы и мыхьэнэр кууэ зыхащIэу щытащ. Щхьэ апхуэдэу хъуа жыпIэмэ, уегупсыс зэрыхъунумкIэ, адыгэбзэм и пщIэр къызэрехуэхарщ. Абы къищынэмыщIауэ, ди литературэм, гъуазджэм, щэнхабзэм зыужьыныгъэ щIагъуэ зэрамыгъуэтыжырщ, абы ирилажьэхэм, ар IэщIагъэу къыхэзыххэм я улахуэр зэрымащIэрщ. IэщIагъэм уи щхьэ, уи унагъуэ зэрыбгъэпсэужын улахуэ къыпэмыкIуэмэ, цIыхум дзыхь ящIыркъым абыкIэ щIэныгъэ зрагъэгъуэтыну. Пэжщ, университетым и адыгэбзэ къудамэм иджыпсту щIэтIысхьэн ягъуэтыркъым. Ар лъэпкъым и кIуэдыжыгъуэм и зы нэщэнэщ. Абы икIэщIыпIэкIэ зыгуэр ещIэн хуейщ, армыхъумэ апхуэдэу фIэкIа уи анэдэлъхубзэм гулъытэ хуумыщIмэ, абы сыт хуэдэ къэкIуэн иIэнур? Зи быныр адыгэбзэкIэ езымыгъаджэ щыIэщ. Ар дауэ цIыхум и щхьэ хуигъэфащэу и жьэ къызэрекIуэр и анэдэлъхубзэр и щIэблэм иримыгъэщIэну жиIэу?! Анэдэлъхубзэр урысыбзэм зыкIи зэран хуэхъуркъым, сэбэп хуэмыхъумэ. Сэ 7-нэ классым нэскIэ сызэреджар адыгэбзэщ, абы къикIыркъым сэ урысыбзэ сымыщIэу е ар зыгуэркIэ зэран къысхуэхъуауэ. Бзэ дапщэ пщIэми апхуэдиз цIыху уохъу жаIэ.

- УкъызыхэкIа лъэпкъым куэд хуэпщIащ, иджыпстуи лэжьыгъэ щхьэхуэхэм яужь уитщ. Уи IэдакъэщIэкIхэм, абыхэм ящыщу нэхъ гугъу узыдехьахэм уатезгъэпсэлъыхьынут.

- Япэрауэ, сэ си гъащIэр ЩоджэнцIыкIу Алий и творчествэр джыным, абы и къекIуэкIыкIар зэхэгъэкIыным тезухуащ. Абы и усэхэр япэ дыдэу сыкъызэреджэу си гум дыхьащ. Абыхэм мыхьэнэ ин, купщIэ зэраIэм, гъэпсыкIэ хьэлэмэтхэр зэрагъуэтам сэ абы щыгъуэм сегупсысауэ къыщIэкIынкъым, ауэ езы усэхэм си псэр зэратхьэкъуар пэжщ. ИужькIи, Ленинград дыщыщеджа зэманми, IэщIыб схуэщIакъым абы и IэдакъэщIэкIхэр, уеблэмэ нэхъри сыдахьэхырт. 1950 гъэм, ЩоджэнцIыкIур къызэралъхурэ илъэс 50 щрикъум, Налшык сыкъэкIуэжауэ абы и гъащIэмрэ и тхыгъэхэмрэ ятеухуа лекцэхэм къуажэ куэдым сыкъыщеджэу къэскIухьащ. А лъэхъэнэм нэхъ кууэ абы и творчествэм щыгъуазэ зыхуэсщIри, Алий и поэмэхэм си диплом лэжьыгъэр, иужькIэ кандидатскэ диссертацэри тезухуауэ щытащ. Абы и тхылъхэр мызэ-мытIэу адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къыдэдгъэкIащ. Си ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэу къызолъытэ Алий и тхыгъэхэр псори зэхуэхьэсауэ адыгэбзэкIэ дунейм къытехьа тхылъышхуэр. А тхакIуэ щэджащэм и творчествэм теухуауэ сэ сщIар мащIэкъым, ауэ нэхъыбэ схузэфIэкIын хуейуэ щытауэ къысщохъуж. Сэ ЩоджэнцIыкIу Алий срималъхъэти, ар сщIэну си къалэнт, абы и лъэныкъуэкIи адэкIи схузэфIэкI злэжьынущ. ЩоджэнцIыкIум и гъащIэм теухуауэ нобэр къыздэсым зыри зыщымыгъуазэ зы Iуэхугъуэ архивым къыщигъуэтащ Абазэ Албэч. КъызэрыщIэкIымкIэ, Алий и адэшхуэ Пщыкъан уэркъыу щытащ. Дэ иджыри къыздэсым ар мэкъумэшыщIэ унагъуэ тхьэмыщкIэм къыхэкIауэт зэрыттхыр.

Адэкlэ сэ нэхъ лэжьыгъэшхуэу сщIахэм ящыщу къэслъытэр адыгэ узэщIакIуэхэм ятеухуарщ, си доктор диссертацэми аращ лъабжьэ хуэхъуар. Абы теухуа тхылъ зыкъоми я тхыгъэ щхьэхуэхэри къыдэкIащ. НэгъуэщIхэри елэжьащ абы, ар зы цIыху къарукIэ зэфIэбгъэкIынкIэ Iэмал иIэкъым, ауэ сэ схузэфIэкIари мащIэкъым. Адыгэ узэщIакIуэхэм я художественнэ произведенэхэр нэсу зэхэгъэкIауэ щытакъым, сэ ахэр псори къэсхутэри, тхылъеджэм я пащхьэ къислъхьащ.

КъыкIэлъыкIуэу жыпIэмэ, сэ куэд щIауэ сыдихьэхырт адыгэ усыгъэ гъэпсыкIэм. Абы гъуэгуанэ гъэщIэгъуэн къикIуащ, IуэрыIуатэм и япэ лъэбакъуэхэр щичащ икIи зиужьурэ къэкIуащ. Спецкурс сыкъеджэу щIэздзэри, абы и фIыгъэкIэ тхыгъэ куэд зэхуэсхьэсат. ИужькIэ ахэр «Адыгэ усыгъэ гъэпсыкIэ» фIыщыгъэр иIэу тхылъу къыдэкIащ. Ноби усыгъэ гъэпсыкIэр йофIакIуэ, иджыри абы солэжьри, усэхэм сыщеджэкIэ гъэщIэгъуэну куэд къызогъуэтыж. НэгъуэщI лэжьыгъэхэри щыIэщ, а псор къытхуебжэкIынкъым.

- Нобэрей ди литературэр сыт хуэдэу уэ зэрыплъагъур? Сыт хуэдэ абы и къэкIуэнур?

- Абы теухуауэ куэдрэ сыкъэпсэлъащ. Жыгъэр къэблэгъамэ, тхьэусыхэрей ухъу къыщIэкIынщ. Апхуэдэ си къэпсэлъэныгъэхэр зэхэзых языныкъуэхэм езгъэлейуэ жаIэ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ ди литературэр нобэ щыхупIэм щытщ. Ар си щхьэкIэ сигу къоуэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, цIыху куэдым я гуащIэдэкIыр псыхэкIуадэ мэхъу. Иджыпсту ди литературэр япэкIэ кIуэтэным и пIэкIэ къызэтеувыIауэ и пIэ итщ, зы уз хьэлъэ гуэрым иубыдам хуэдэу. Псалъэм папщIэ, Хьэх Сэфарбий и роман нэгъабэ къыдэкIам иужькIэ къэбэрдей литературэм апхуэдэ нэгъуэщI тхыгъэ къыхыхьакъым. «Iуащхьэмахуэ» журналым уеплъмэ, нэгъуэщI лъэпкъхэм я тхыгъэ е нэхъапэкIэ ди тхакIуэхэм ятхауэ щытахэр къытрадзэ мыхъумэ, прозэми усыгъэми щIэуэ къытехуэ щыIэкъым. Сыт къызыхэкIыр? ЯIакъым къытрадзэн, тхыгъэщIэ къыхуахьыркъым, тхэжыркъым. Ар шынагъуэщ. Пэжщ, хъарзынэу тхэуэ усакIуэ хъыджэбз зыкъом диIэщ, ауэ цIыхухъу яхэтыжкъым. Драматургиер къащтэ. Иужь зэманым ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым игъэуваувэ сэ сщIэжыр Нало Зауррэ Къаныкъуэ Заринэрэ я пьесэхэрщ. Адрейхэр хамэ къэрал тхыгъэщ къызытращIыкIар. Ягъэувын пьеси щыIэжкъым. IутIыж Борис IэплIэкIэ къепхьэкI хъунт нобэ. Абы и закъуэкъым, опереттэ, балет дгъэуву щытащ. ДаIэ? КIуэдакъэ? Абыхэм я лъэныкъуэкIи ди Iуэхур щIагъуэкъым. Уэрэд гуэрхэр щIалэгъуалэм ягъэзащIэ, ауэ ахэри нэгъэсакъым, купщIэншэщ. Ахэр псори зэпхыжар мылъкуращ. Псалъэм папщIэ, тхакIуэм повесть етх, ар напэкIуэцI 200 нэхърэ нэхъ мащIэу щытынукъым. Ар къыдэбгъэкIын папщIэ сыт хуэдиз гугъуехь ухэтыну, абы щыгъуэми къыпэкIуэни щыIэкъым. Апхуэдэу хэт пхуэлэжьэнур? Мис аращ ди литературэр щIэкIуэдыжыр, зыщIимыужьыр. Мы гъэр Литературэм и илъэсу ягъэуващи, фIыкIэ дыгугъэнщ. Дыгугъэнщ псалъэ къудей мыхъуу, Iуэху пыухыкIахэр щыIэну.

- Андрей, уи гъащIэ гъуэгуанэм уриплъэжмэ, сыт хуэдэ гупсысэкIэ укъыддэгуэшэнт?

- Сэ сызэреплъымкIэ, зэманым дауэ зимыхъуэжами, жылагъуэм сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр щемыкIуэкIами, гъащIэм и пэжыр къэбгъуэту, абы утету упсэуныр псом нэхърэ нэхъыщхьэщ. ГъащIэм и пэжыр сыт зищIысыр жызыIэни щыIэнщ. ФIы пщIэуэ, цIыху къабзэу, щэныфIэу, гуапэу дунейм утетмэ, ар кIуэдынкIэ Iэмал иIэкъым, гува-щIэхами къыпекIуэкIыжынущ. Уэ уи лъэпкъым, хэкум гурэ псэкIэ убгъэдэтын хуейщ, ар дэтхэнэ зыми ди къалэн нэхъыщхьэщ.

- Иджыпсту лэжьыгъэ гуэр иужь уимытыр пэжкъым...

- Лэжьыгъэ гуэр сымыщIэу къэхъуну къыщIэкIынкъым. «Узэсэ сэгъейщ» жыхуаIэращ. Си ныбжьым соплъри, лэжьыгъэшхуэ зезмыпщытмэ нэхъыфIу къызолъытэ, абы и лъэныкъуэкIэ къыппэплъэр пщIэжын хуейщ. Жыжьэ дыдэ умыплъэу гъунэгъуу щыIэм зыгуэр хэбгъэщIмэ, нэхъ тэмэму къыщIэкIынщ. Ауэ, итIани, мурадхэр сиIэщ. Псалъэм папщIэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и тхылъ зы-тIущ иджыри къыдэзгъэкIыну си мурадщ, Тхьэм къысхузэпищэмэ. Зыри сымыщIэу сыщысыфынукъым.

- Упсэу, Андрей. Узыншагъэм ущымыщIэу, уи гуащIэм зэрыпыпщэн гукъыдэж уиIэу ди япэ куэдрэ уитыну ди гуапэщ!

Епсэлъар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

И гъащIэ псор зытриухуар

Япэ дыдэу сэ ХьэкIуащэ Андрей сыщыхуэзар 1957 гъэрщ, университетым сыщыщIэтIысхьам щыгъуэщ. Абы лъандэрэ зыхызощIэ а цIыху емышыжым и гукъыдэж мыкIуэщIыр къызыхэкIа къарур - адыгэ художественнэ псалъэм хуиIэ лъагъуныгъэр.

СЩIЭРКЪЫМ сыщыуэми, ауэ ХьэкIуащэ Андрей, университетым зэрыщригъаджэм къыдэкIуэу (ар езыр IэнатIэ тыншхэм ящыщкъым), ихь лэжьыгъэшхуэр сэ мыпхуэдэ лIэужьыгъуиплIу зэщхьэщызгъэкIынт:

а) и щIалэгъуэу къэхутэныгъэ лэжьыгъэм щыдихьэха дыдэм къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым имыгъэкIащхъэу ар зыпэрыт Iуэхугъуэшхуэр - ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэмрэ и творчествэмрэ джыныр;

б) XIX лIэщIыгъуэм адыгэхэм къытхэкIа щIэныгъэлI, тхыдэдж, тхакIуэ ахъырзэманхэу «узэщIакIуэ» цIэ лъапIэр зыхуагъэфащэ гупым (Нэгумэ Шорэ, Къаз-Джэрий, Адэл-Джэрий сымэ, н.) я IэдакъэщIэкIхэр джауэ абыхэм лъэпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ щаIэ мыхьэнэр убзыхуныр;

в) учебникыу, хрестоматиеу, программэу, проспекту - адыгэ IуэрыIуатэмрэ литературэмкIэ класс е курс щхьэхуэхэр зэраджыну игъэхьэзыра тхылъ къомыр;

г) прессэм дригъэкIуэкI лэжьыгъэр (статья, рецензэ, эссе, критикэм е публицистикэм я жанр зэмылIэужьыгъуэхэм я хабзэм итIасэу абы зэфIигъэкIыр).

Япэу. 1957 гъэм Налшык къыщыдэкIауэ щытащ «Сборник статей о кабардинской литературе» тхылъыр. Абы ихуат ЩоджэнцIыкIу Алий теухуауэ лэжьыгъиплIи, щыр зи IэдакъэщIэкIыр къэхутакIуэ щIалэ ХьэкIуащэ Андрейт. Абы ипэжкIи, «Къэбэрдей» альманахым къытехуэрт Андрей и тхыгъэхэр, ЩоджэнцIыкIум и биографием е и творчествэм ехьэлIа Iуэхугъуэ гуэрхэр зыубзыхухэр.

Абы лъандэрэ щIэныгъэлIым и нэIэ тет зэпытщ адыгэхэр зэрыгушхуэ ди усакIуэ иным и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ. И кандидат диссертацэр ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIа нэужьи, ХьэкIуащэр а темэм епцIыжакъым: Iуэхугъуэ пыухыкIахэр щызэпкърыха статья, очеркхэмкIи къэмыувыIэжу, усакIуэм и творчествэр зэрыщыту уэзыгъэлъагъу тхылъ щхьэхуэхэри къыдигъэкIащ.

Лъэпкъ усыгъэр, прозэр, драматургиер зэфIэувэн папщIэ ЩоджэнцIыкIу Алий илэжьар зыхуэдизыр зыхыдигъэщIэн мурадкIэ, къэхутакIуэм гупсэхуу ешэщI тхакIуэ щыпкъэм и творчествэм зэрызиужьа нэщэнэхэм ятеухуа псалъэмакъыр.

ЕтIуанэу. Илъэс щэ ныкъуэм щIигъуауэ Андрей нэгъуэщI Iуэхугъуэми толажьэ. Ар XIX лIэщIыгъуэм псэуа адыгэ узэщIакIуэхэм я щIэиныр щ.

Тхыдэм дриплъэжмэ, гу лъыдмытэу къанэркъым: адыгэхэм - Iэмал ягъуэт закъуэмэ - лIыгъэ мыкIуэщIым и гъусэу хьилмы нахуи къагъэлъагъуэрт. Къагъэлъагъуэрт, къадэгъуэгурыкIуэрти. Аращ сэ къызэрызгурыIуэр XIX лIэщIыгъуэм адыгэхэм къытхэкIауэ щIэныгъэфI зиIа узэщIакIуэ гупым я Iуэхур. ХьэкIуащэ Андрей зи зэфIэкIыр игъуэ хъуа еджагъэшхуэхэм къатехуэр илэжьащ: езым япэ а Iуэхум хэIэба къэхутакIуэхэм я пщIэр имыгъэкIуэду, я лэжьыгъэр гупсэхуу щIиджыкIри, фIэщхьэпэр къищтащ, щыуагъэу къыщыхъуми гурыIуэгъуэу тепсэлъыхьащ, зыхуэмейхэр лъэныкъуэкIэ иригъэкIуэтэкIри, зыхущыщIэу къилъытэри езым щIигъужащ. Апхуэдэу адыгэхэм ди лъэпкъ тхыдэм, литературэм, бзэщIэныгъэм, щэнхабзэм заужьын папщIэ зи къарурэ зи зэфIэкIрэ емыблэжа узэщIакIуэ телъыджэхэм я IэдакъэщIэкIхэм яIа мыхьэнэр, апхуэдэ фIыгъуэм нобы лъысыпхъэ пщIэр нэхъ тэмэму зэзыгъэщIэну хуей дэтхэнэри зыблэкI мыхъун лэжьыгъэ ди пащхьэ кърилъхьащ.

Ещанэу. ХьэкIуащэм етх еджапIэхэм ямыIэу мыхъуну учебникхэр, хрестоматиехэр, илъэситIым тхылъищ къыщыдигъэкI къыхэхуэу.

Дауи, учебникыу, хрестоматиеу ХьэкIуащэ Андрей къыдигъэкIахэр дагъуэншэкъым, а тхылъхэр фIыуэ къыкIэроху нобэрей ди лъэпкъ литературэр здынэса гъунапкъэми, иджырей ди литературэхутэ щIэныгъэм и зэфIэкIыр зыхуэдэми. Ар пэжщ. Ауэ, пэжыр фIыуэ щытлъагъукIэ, иджыри зы пэж: адыгэ IуэрыIуатэмкIэ курыт еджапIэхэм къыщагъэсэбэп учебникыу е хрестоматиеу диIэр, нэхъ тэмэмыжу жыпIэмэ, диIэм я нэхъыфIыIуэр зи IэдакъэщIэкIыр ХьэкIуащэ Андрейщ; дяпэкIи ахэрщ егъэджакIуэри еджакIуэри «зыкъуэсынур» - абыхэм ефIэкI дунейм къытехьэху.

ЕплIанэу. АдыгэбзэкIэ журнал, газет къеджэ е ди радиом едаIуэ, телевизор еплъ дэтхэнэри щыгъуазэщ ХьэкIуащэ Андрей прессэм дригъэкIуэкI лэжьыгъэм. Ди литературэ гъащIэм зы Iуэхугъуэ гуэри къыщыхъуагъэнкъым ар хэмыту. ПцIыупси урихъуну къыщIэкIынкъым мыпхуэдэу жыпIэмэ: ХьэкIуащэ-критикым куэд-мащIэми зыгуэр зыхужимыIа ди тхакIуэхэм яхэткъым.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, мы лэжьыгъэ мытыншыр Андрей нэхъри къытезыгъэхьэлъэ щыIэщ. Сокъур Мусэрбий, Шэвлокъуэ Петр, Нало Заур, ХьэкIуащэ Андрей, КIурашын БетIал - абыхэм илъэс куэдкIэ зэдахьу екIуэкIа Iуэхум иужьрей зэманым хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. Ди критикэм и къуэпсыр зымыгъэгъужу къекIуэкIа гуп дыгъэлым - критик нэхъыжьхэм - ящыщу къытхуэнэжар ХьэкIуащэ Андрей и закъуэщ. Дауи, абы нэхъри гугъу ещI нобэкIэ ХьэкIуащэм и пщэ къыдэхуэ къалэн мытыншыр.

КЪЭЖЭР Хьэмид,
тхакIуэ, усакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я кандидат.

КъБР-м и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерий дамыгъэ лъапIэ къерет. *1991 гъэ*

Къардэнгъущ Зырамыку и гъусэу. *2008 гъэ*

ЩIДАА-м и зи чэзу зэIущIэ. *Налшык, 2012 гъэ*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленином и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленином и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хъутыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 4.246
Заказ №28